# Luug

## 1

### Bataaxal bi Luug bind Teyofil

1-2 Teyofil mu tedd mi, ñi fekke woon te seede xew-xew yii mat ci
sunu biir, ba ñu tàmbalee, te nekk ay liggéeykatu kàddug Yàlla gi,
ñoo nu leen jottali. Ñu bari sóobu woon nañu ci bindum téere ci
xew-xew yooyu, ni ñu leen jote. 3 Moo tax man tamit, ma xalaat bu
baax ne, war naa la bindal xew-xew yooyu ci ni mu ware, gannaaw
bi ma gëstoo bu baax ci lépp; dale ko ca njàlbéen ga ba ci njeextal
gi, 4 ngir mu wóor la ne li ñu la jàngal dëgg ju wér péŋŋ la.

### Malaaka Jibril yégle na juddub Yaxya

5 Ci jamono bi Erodd bu mag nekkee buuru Yude, amoon na benn
jébbalkatu-sarax bu tuddoon Sakari. Mu bokkoon ci mbootaayu
jébbalkati-sarax yi askanoo ci Abiya te jabaram Elisabet bokkoon ci
askanu Aaróona jébbalkatu-sarax-bu-mag bi. 6 Sakari ak jabaram
juboon nañu ci kanamu Yàlla di topp ndigalu Boroom bi yépp ak li
mu santaane ni mu ware, 7 waaye amuñu woon doom ndaxte
Elisabet mënul woona am doom te ñoom ñaar ñépp dañoo
màggatoon.

8 Benn bés, Sakari doon na def liggéeyu jébbalkatu-sarax bi ci kër-
Yàlla gi ndaxte mbootaay bi mu bokkoon moo aye woon. 9 Ci aaday
jébbalkatu-sarax yi, dañu doon tegoo bant ngir xam ku wara taal
cuuraay bi. Bant bi dal ci Sakari, moo tax mu dugg ci biir béréb bu
sell bu Boroom bi ngir taal fa cuuraay bi. 10 Ci waxtu bi muy taal
cuuraay bi, mbooloo mu takku ñu ngi woon ci biti di ñaan. 11 Noonu
benn malaaka Boroom bi feeñu Sakari, mu taxaw ci ndeyjooru fi
ñuy taale cuuraay bi. 12 Bi ko Sakari gisee mu jaxasoo ànd ak tiit.

[13] Malaaka bi ne ko: «Sakari, bul tiit ndaxte Yàlla nangu na sa ñaan.
Sa jabar Elisabet dina la amal doom bu góor. Nanga ko tudde Yaxya.
[14] Dina nekk mbégte bu réy ci yaw, te ñu bari dinañu bànneexu ci
juddoom. [15] Dina nekk nit ku màgg ci kanamu Boroom bi Yàlla. Du
naan biiñ walla dara lu koy màndiloo. Dina fees ak Xel mu Sell mi,
dale ko ci bi mu nekkee ci biiru yaayam, [16] te dina delloosi waa
Israyil yu bari ci Yàlla seen Boroom. [17] Dina dox ci kanamu Yàlla, te
Xel mu Sell mi dina jëf ci moom ak kàttan, ni mu doon jëfe ci
yonent Yàlla Ilyaas ngir jubale baay yi ak seeni doom, te delloosi ñi
déggalul Yàlla ci xam-xamu ñu jub ñi, ngir waajal askan bu taxaw
temm ngir xaar Boroom bi.»
[18] Sakari laaj malaaka bi ne: «Naka laay xame ne loolu dëgg la?
Ndaxte man mag laa te sama jabar tamit màggat na.» [19] Malaaka bi
ne ko: «Man maay Jibril. Damay taxaw ci kanamu Yàlla ngir
liggéeyal ko. Dafa ma yónni ngir ma wax la te yégal la xibaaru
jàmm bii, [20] waaye gëmuloo samay kàddu yi wara mat ci seen
jamono. Looloo tax dinga muuma. Dootoo mëna wax ba keroog
mbir yooyu di mat.»
[21] Ci jamono boobu mbooloo bi doon xaar Sakari jaaxle woon
nañu, ndaxte dafa yàggoon lool ci béréb bu sell bi. [22] Bi mu génnee
mënul wax ak ñoom. Noonu ñu xam ne am na lu ko feeñu ci biir
béréb bu sell bi. Muy wax ak ñoom ci joxoñ te muuma.
[23] Bi mu matalee fanu liggéeyam ci biir kër-Yàlla gi, mu dellu
këram. [24] Gannaaw bés yooyu Elisabet jabaram daldi ëmb. Mu
làqatu juróomi weer tey wax ci xelam ne: [25] «Lii la Boroom bi def ci
man: teg na bëtu yërmandeem ci man te teggi sama gàcce ci
kanamu nit ñi.»

## Malaaka Jibril yégle na juddub Yeesu

26 Bi Elisabet nekkee ci juróom benni weeram, Yàlla yónni malaaka
Jibril ci benn dëkku Galile bu ñuy woowe Nasaret, 27 ci benn janq bu
ñu mayoon benn waay bu bokkoon ci askanu Daawuda, bu tuddoon
Yuusufa. Janq bi mu ngi tuddoon Maryaama. 28 Malaaka mi ñëw ci
moom ne ko: «Amal jàmm Maryaama. Yiwu Yàlla mu ngi ak yaw.
Boroom baa ngi ak yaw!» 29 Maryaama daldi jaxasoo te xalaat lu
nuyoo boobu mëna tekki. 30 Malaaka mi ne ko: «Maryaama bul ragal
dara, ndaxte Yàlla may na la yiwam. 31 Xoolal! Dinga ëmb, jur doom
ju góor. Nanga ko tudde Yeesu. 32 Ku màgg lay nekk, te dinañu ko
woowe Doomu Yàlla Aji-Kawe ji, te Boroom bi Yàlla dina ko jox
nguuru maamam Daawuda, 33 te dina yilif askanu Yanqóoba ba
fàww, te nguuram du am àpp.»

34 Maryaama daldi tontu malaaka mi ne ko: «Naka la loolu mëna
ame? Ndaxte man janq la ba tey.»

35 Noonu malaaka mi tontu ko ne ko: «Xel mu sell mi dina wàcc ci
yaw, te kàttanu Yàlla Aji-Kawe ji dina la yiir. Loolu moo tax doom
jiy juddu ci yaw dinañu ko woowe ku sell ki, Doomu Yàlla ji.
36 Xoolal! Elisabet sa mbokk sax ëmb na doom ju góor ci
màggataayam. Ki ñu doon woowe ku mënula am doom ki, mu ngi ci
juróom benni weeram. 37 Ndaxte dara tëwul Yàlla.»

38 Noonu Maryaama ne ko: «Man jaamu Boroom bi laa, na Yàlla def
lépp li nga wax ci man.» Noonu malaaka mi dem.

## Maryaama seeti na Elisabet

39 Ci bés yooyu, Maryaama daldi jóg te gaawantu dem ci benn dëkk
bu nekk ci tund yi ci diiwaanu Yude. 40 Mu dugg ci biir këru Sakari,
daldi nuyu Elisabet. 41 Ci waxtu bi Elisabet déggee nuyoo Maryaama
bi, doom ji daldi yëngatu ci biiram, te Elisabet fees ak Xel mu Sell
mi. 42 Noonu mu yuuxu ak baat bu kawe ne: «Barkeel nga ci biir

jigéen ñi ñépp, te doom ji nekk ci sa biir barkeel na! [43] Man may kan
ba sama yaayu Boroom ñëw seetsi ma? [44] Ndaxte bi ma déggee ngay
nuyoo, ci saa si sama doom ji dafa yëngatu ak mbégte ci sama biir.
[45] Yaw mi gëm barkeel nga, ndaxte mbir yi ñu la yégal ci turu
Boroom bi Yàlla dinañu mat.»

[46] Te Maryaama wax ne:

«Sama ruu a ngi màggal Boroom bi,
[47] te sama xel di bég ci Yàlla sama musalkat,
[48] ndaxte teg na ay bëtam ci man miy jaamam bu woyof bi.
Xoolleen! Dale ko tey, niti jamono yi yépp,
dinañu ma woowe ki Yàlla barkeel
[49] ndaxte Aji-Kàttan ji defal na ma ay mbir yu réy,
te turam dafa sell.
[50] Yërmandeem dina law ci ñi ko ragal
ak seeni sët ba ci seeni sëtaat.
[51] Def na ay yëf yu mag ci dooley loxoom.
Tasaare na ñi am ci seen xol ay xalaatu réy-réylu.
[52] Daaneel na buur yi ci seen nguur
te yékkëti ñi suufeelu.
[53] May na ñi xiifoon lekk ba ñu regg
te dàq boroom alal yi, loxoy neen.
[54] Wallusi na Israyil surgaam
te fàttaliku yërmandeem
[55] ci Ibraayma ak askanam ba fàww,
ni mu ko dige woon sunuy maam.»

[56] Maryaama desoon na ak Elisabet lu tollu ci ñetti weer te noonu
mu dellu këram.

## Juddub Yaxya

57 Jamono ji Elisabet ware am doom jot na. Mu am doom ju góor.
58 Dëkkandoo yi ak mbokkam yi dégg nañu ne Boroom bi wone na
yërmandeem ci moom, ñuy bànneexu ak moom. 59 Ci juróom
ñetteelu fan bi, ñu ñëw ngir xarafalsi xale bi. Ñu bëgg ko tudde
Sakari, mi di Pàppaam, 60 waaye yaayam ne: «Déedéet. Dinañu ko
woowe Yaxya!» 61 Ñu ne ko: «Amul kenn ci say mbokk ku tudd
noonu.» 62 Ñu tàmbali di joxoñ di laaj pàppaam ngir xam naka la
bëgg ñu woowe xale bi. 63 Sakari laaj àlluwa, bind kàddu yii: «Yaxya
mooy turam!» Ñépp yéemu. 64 Ci saa si, gémmiñu Sakari ubbeeku te
làmmiñam yewweeku. Mu tàmbali wax di sant Yàlla. 65 Noonu
dëkkandoom yépp daldi fees dell ak ragal. Ñu tàmbali di nettali
xew-xew yooyu ci diiwaanu tundi Yude yépp. 66 Ñépp ñi doon dégg
loolu dencoon nañu ko ci seen xol di laaj seen bopp: «Kon nag, naka
la xale bi nara mel?» Ndaxte Boroom bi mu ngi woon ak moom!

67 Sakari pàppay xale bi fees ak Xel mu Sell mi, di wax ci turu Yàlla
ne:

68 «Cant ñeel na Boroom bi, Yàllay Israyil
ndaxte ganesi na askanam te yewwi leen.
69 Jox na nu benn musalkat bu am kàttan
ci kër Daawuda surgaam,
70 ni mu ko yégle woon ci jamono ju jëkk ja
jaarale ko ci gémmiñu yonentam yu sell yi.
71 Digoon na nu ne: Moo nuy musal ci sunuy noon
te jële nu ci loxoy ñi nu bañ.
72 Yàlla wone na yërmandeem ci sunuy maam,
te fàttaliku na kóllëreem gu sell gi,
73 ni mu ko giñale woon sunu maam Ibraayma
74 ngir yewwi nu ci loxoy sunuy noon,

ngir nu mën koo jaamu te baña ragal
75 ci sellaay ak ci njubte ci kanamam,
sunu giiru dund yépp.
76 Yaw nag sama doom
dinañu la woowe yonent Yàlla Aji-Kawe ji,
ndaxte dinga dox ci kanamu Boroom bi
ngir waajal yoonam.
77 Dinga xamal askanam ne
Yàlla dina leen baal seeni bàkkaar ngir musal leen.
78 Ndaxte sunu Yàlla fees na ak yërmande ak mbaax
ba tax mu wàcce ci sunu kaw leer bu jóge ci kaw
mel ni leeraayu jant buy fenk,
79 ngir leerale ñu nekk ci lëndëm
te takkandeer dee tiim leen,
te jiite nu ci yoonu jàmm ji.»
80 Xale bi da doon màgg te xelam di ubbeeku. Mu dëkk ci biir
màndiŋ ba, ba bés bu muy feeñ ci kanamu waa Israyil.

# 2

## Yeesu juddu na ca dëkku Betleyem

1 Ci jamono jooju, Sesaar Ogust joxe na ndigal ngir ñépp binduji,
ngir xam ñaata nit lañu tollu ci nguuru Room. 2 Mu nekkoon waññ
bu jëkk ci jamono bi Kiriñus yilifoon diiwaanu Siri. 3 Noonu ñépp
daldi dem, binduji fu ñu cosaanoo. 4 Yuusufa nag jóge dëkku
Nasaret bi nekk ci diiwaanu Galile, ngir dem dëkku Betleyem bi
nekk ci diiwaanu Yude. Foofu la Daawuda juddoo, te Yuusufa bokk
ci askanam. 5 Looloo tax mu ànd ak Maryaama mi ñu ko mayoon te
mu ëmboon, ngir mu dem fa binduji.
6 Bi ñu nekkee Betleyem, waxtu bi Maryaama wara am doom

yegsi. [7] Mu am doomam bu jëkk, bu góor; lëmës ko ci laytaay, tëral
ko ci lekkukaayu jur, ndaxte fi ñu doon dalal gan yi daa feesoon.
[8] Ci diiwaan boobu, ay sàmmkat nekkoon nañu ci àll bi, fanaane
wottu seeni gétt. [9] Benn malaaka feeñu leen te màggaayu Yàlla di
leeral li leen wër. Ñu daldi ànd ak tiit, [10] waaye malaaka mi ne leen:
«Buleen tiit ndaxte, xoolleen! Maa ngi leen di yégal xibaar bu baax
biy bégloo askan bi yépp. [11] Tey jii ci dëkku Daawuda, seen Musalkat
juddu na, di Almasi bi, di Boroom bi. [12] Ci màndarga yii ngeen koy
xàmmee: dingeen fekk benn liir bu ñu lëmës ak laytaay te tëral ko
ci lekkukaayu jur.»
[13] Ci saa si, amoon na ak malaaka bi yeneeni malaaka yu bari. Ñuy
sant Yàlla te di wax ne:

[14] «Nañu màggal Yàlla ci asamaan yu gëna kawe yi,
te ci suuf si, na jàmm am ci ñépp ñi mu may yiwam.»

[15] Bi leen malaaka yi bàyyee te dellu asamaan, sàmmkat yi di
waxtaan ci seen biir ne: «Nanu dem nag ba Betleyem ngir gis li fa
xew te Boroom bi xamal nu ko.» [16] Ñu gaawantu dem. Ñu fekk fa
Maryaama ak Yuusufa ak liir bi ñu tëral ci lekkukaayu jur. [17] Bi ñu
leen gisee, ñu nettali ñépp kàddu yi ñu déggoon ci li jëm ci xale bi.
[18] Ñépp ñi doon dégg waxu sàmmkat yooyu daldi yéemu, [19] te
Maryaama moom, denc loolu lépp ci xelam te mu ciy xalaat.
[20] Sàmmkat yi dellu seeni gétt. Ñuy màggal Yàlla te di ko sant ci
lépp li ñu dégg te gis ko, loolu lépp amoon na, ni leen ko malaaka bi
waxe woon.

[21] Ci juróom ñetteelu fan bi gannaaw bi mu juddoo, di bés bi ñu
wara xarafal xale bi, ñu tudde ko Yeesu, di tur bi ko malaaka bi
waxoon laata yaayam di ëmb.

### Waajuru Yeesu yi yóbbu nañu ko ci kër-Yàlla ga

22 Bi bési setal yi matee, ni ko yoon bi Boroom bi Yàlla joxe woon
jaarale ko ci Musaa digle, Yuusufa ak Maryaama yóbbu nañu xale bi
ci dëkku Yerusalem ca kër-Yàlla ga ngir andi ko ci teewaayu
Boroom bi Yàlla, 23 ni ñu ko binde woon ci benn yoon boobu ne:
«*Bépp taaw bu góor dinañu ko beral Boroom bi.*» 24 Yuusufa ak
Maryaama jébbal nañu sarax ni ko yoonu Boroom bi digle: «*ñaari
pitaxu àll walla ñaari picc yu ndaw yu ñuy woowe xati.*»

25 Amoon na ci Yerusalem benn waay ju tuddoon Simeyon. Waa ju
jub la woon te gëm Yàlla. Da doon xaar dëfëlu Israyil, te Xel mu Sell
mi àndoon na ak moom. 26 Xel mu Sell mi xamaloon na ko ne du dee
mukk te gisul Almasi bi Boroom bi dige woon. 27 Noonu Xel mi
yóbbu ko ba ca kër-Yàlla gi. Bi waajuru Yeesu yi indee xale bi ngir
matal li yoon bi digle, 28 Simeyon jël ko ci ay loxoom tey sant Yàlla
di wax ne:

29 «Léegi nag Boroom bi Yàlla sa dige mat na,
yewwil sa jaam mu dee ci jàmm,
30 ndaxte samay bët gis nañu sa mucc bi,
31 mucc bi nga waajal ci kanamu askan yi yépp.
32 Mu nekk leer bi lay won xeeti àddina si yépp.
Mooy tamit màggaayu Israyil sa askan.»

33 Pàppa Yeesu ak yaayam waaru woon nañu ci li mu doon wax ci
lu jëm ci xale bi. 34 Simeyon barkeel leen te wax Maryaama yaayu
Yeesu ne: «Yàlla da tànn xale bii ngir mu waral daanu ak jógu ñu
bari ci Israyil, dina doon màndarga Yàlla bi nit ñi dul nangu. 35 Te
noonu dina feeñal ci leeraay xalaat yi nëbbu ci biir xolu ñu bari, te
yaw nag metit dina xar sa ruu ni jaasi.»

36 Amoon na tamit benn yonent bu jigéen bu tudd Aana di woon
doomu Fanuwel bokkoon ci askanu Aser. Aana màggatoon na lool.

Ba muy janq te xamul góor la séy. Dundoon na ak jëkkëram juróom
ñaari at. [37] Gannaaw loolu jëkkëram gaañu te mu des moom kese.
Léegi amoon na juróom ñett fukki at ak ñeent. Daawul jóge ci kër-
Yàlla gi te doon na jaamu Yàlla ci woor ak ñaan, guddi ak bëccëg.
[38] Mu yegsi ci waxtu bi Simeyon doon wax. Aana tàmbalee gërëm
Yàlla te doon na wax lu jëm ci xale bi ñépp ñi doon xaar waxtu bi
Yàlla di yewwi Yerusalem.
[39] Bi waajuru Yeesu yi matalee lépp li yoonu Boroom bi digle, ñu
dellu ci seen dëkk Nasaret ci diiwaanu Galile. [40] Xale bi mu ngi doon
màgg te di dëgër. Amoon na xel bu rafet, te yiwu Yàlla nekkoon na
ak moom.

### Yeesu des na ca kër-Yàlla ga

[41] At bu nekk waajuru Yeesu yi dañu doon dem Yerusalem ngir
màggalu Paak bi. [42] Bi Yeesu amee fukki at ak ñaar, ñu yóbbaale ko
ni ko aada màggalu Paak bi bëgge. [43] Bi màggal bi jeexee ñu ñibbi,
waaye xale bi Yeesu des Yerusalem te ay waajuram yéguñu ko. [44] Ñu
xalaatoon ne dafa ànd ak ñi ñu bokkaloon yoon bi. Bésu lëmm ñu
koy dox, noonu ñu tàmbali di ko seet ci mbokk yi ak xarit yi, waaye
gisuñu ko. [45] Ñu dellu Yerusalem te wéy di ko seet. [46] Ñetteelu fan bi,
ñu daldi ko gis ci kër-Yàlla gi, mu toog ci diggu jàngalekat yi di leen
déglu te di leen laaj ay laaj. [47] Ñépp ñi ko doon déglu daldi waaru
lool ci dégginam ak tontu yi mu leen doon jox. [48] Bi ko ay waajuram
gisee ñu daldi waaru. Yaayam ne ko: «Sama doom, lan moo tax nga
def nu lii? Man ak sa Pàppa jaaxle woon nanu lool te danu la doon
seet.» [49] Mu tontu leen ne: «Ndax xamuleen ne damaa wara def
sama liggéeyu Baay? Léegi nag, lu tax ngeen may seet?» [50] Waaye
ñoom xamuñu woon dara ci li mu leen doon wax.
[51] Gannaaw loolu, Yeesu dellu ak ñoom ca Nasaret te di leen
déggal. Yaayam denc loolu lépp ci xolam te di ko fàttaliku. [52] Yeesu

nag mu ngi doon màgg ci jëmm, te di yokku ci xel mu rafet, te
neexoon na Yàlla ak nit ñi.

# 3

## Liggéeyu Yaxya

[1] Ci fukkeelu at ak juróom ci nguuru Tibeer Sesaar, fekkoon na
Poñsë Pilaat yilifoon diiwaanu Yude, Erodd yilifoon diiwaanu Galile
te magam Filib yilifoon diiwaanu Iture ak bu Tarakonit, Lisañas
yilifoon diiwaanu Abilen. [2] Anas ak Kayif nekkoon jébbalkati-sarax-
yu-mag ya. Noonu kàddu Yàlla gi wàcc ci Yaxya mi di doomu Sakari
ci biir màndiŋ bi. [3] Yaxya doon na wër diiwaanu dexu Yurdan ba
yépp, di waare naan: «Nanguleen ma sóob leen ci ndox ngir wone
ne tuub ngeen seeni bàkkaar, te noonu Yàlla dina leen baal.»
[4] Noonu, li yonent Yàlla Esayi bindoon ci téereem mat na:
*«Lii mooy baatu nit kiy yuuxu ci biir màndiŋ bi:*
*"Waajalleen yoonu Boroom bi*
*defarleen yoonam yi, ñu jub.*
[5] *Xur bu nekk dinañu ko sëkk.*
*Bépp tund bu mag ak bépp tund bu ndaw, dinañu leen maasale.*
*Yoon yu dëng yi dinañu leen jubbanti.*
*Yoon yu ñagas yi dinañu leen liisal,*
[6] *te ñépp dinañu gis mucc gi Yàlla maye."»*
[7] Noonu mbooloo mu bari daan na ñëw ci Yaxya ngir mu sóob leen
ci ndox. Yaxya da leen doon wax naan: «Yeen ñi fees ak daŋar mel
ni jaan, kan moo leen jàngal ngir ngeen daw meru Yàlla mi nara
wàcc? [8] Woneleen nag ci seen jëf ne tuub ngeen seeni bàkkaar.
Buleen yem rekk di wax ci seen xel ne: "Nun am nanu Ibraayma ni
baay." Ndaxte maa ngi leen koy wax, ci xeer yii, Yàlla mën na cee
sàkkal Ibraayma ay doom. [9] Sémmiñ bi jege na ba noppi ngir dagg

reeni garab yi. Bépp garab bu meññewul meññeef bu baax dinañu
ko dagg te sànni ko ci safara si.»
[10] Mbooloo mi laaj ko ne: «Kon nag lan lanu wara def?» [11] Mu tontu
leen: «Képp ku am ñaari mbubb na jox benn bi nit ki amul, te ku am
ñam, séddoo ko ak ki amul dara.»
[12] Ay juutikat tamit ñëw nañu ngir mu sóob leen ci ndox. Ñu laaj
Yaxya ne ko: «Jàngalekat bi, lan lanu wara def?» [13] Mu tontu leen:
«Buleen laaj lu ëpp, li leen yoon di laajloo.»
[14] Ay soldaar tamit ne ko: «Lan lanu wara def nag?» Mu tontu leen:
«Buleen jël alalu kenn ci kaw jaay doole walla ci kaw di ko sosal, te
doylooleen seen peyoor.»
[15] Noonu askan bi di xaar ak yaakaar, di laaj ci seen xel, ndax
Yaxya mooy Almasi bi. [16] Yaxya wax leen ñoom ñépp: «Man, maa
ngi leen di sóob ci ndox, waaye kenn ku ma ëpp kàttan dina ñëw.
Yelloowuma sax tekki ay dàllam, te kooku dina leen sóob ci Xel mu
Sell mi ak ci safara. [17] Teg na layu ci loxoom di bees ngir teqale pepp
bi ak xatax bi. Dina dajale pepp bi ci sàqam waaye dina lakk xatax
bi ci safara bu dul fey mukk.» [18] Noonu Yaxya doon na leen jàngal ci
ay mbir yu bari tey yégal xibaar bu baax bi askan bi.
[19] Erodd mi yilifoon diiwaanu Galile takkoon na Erojàdd mi di
jabaru magam, te tamit dafa defoon yeneen ñaawteef yu bari, loolu
taxoon na Yaxya di ko sikk. [20] Noonu Erodd yokkaat ci beneen
ñaawteef, ci bi mu jàppalu Yaxya ba tëj ko kaso.
[21] Bi Yaxya sóobee askan bi yépp ci ndox, sóob na tamit Yeesu ci
ndox. Noonu bi Yeesu di ñaan, asamaan si ubbeeku, [22] te Xel mu Sell
mi wàcc ci moom, ci jëmm ju mel ni pitax, te benn baat jóge ci
asamaan ne: «Yaa di sama doom ji ma sopp. Ci yaw laa ame
bànneex.»

## Cosaanu Yeesu Almasi bi

23 Yeesu amoon na lu tollook fanweeri at bi mu tàmbalee
liggéeyam. Dañoo xalaatoon ne mooy doomu Yuusufa.

Yuusufa mooy doomu Eli,
24 Eli di doomu Matat,
Matat di doomu Lewi,
Lewi di doomu Melki,
Melki di doomu Yanayi,
Yanayi di doomu Yuusufa,
25 Yuusufa di doomu Matacas,
Matacas di doomu Amos,
Amos di doomu Naxum,
Naxum di doomu Esli,
Esli di doomu Nagayi,
26 Nagayi di doomu Maat,
Maat di doomu Matacas,
Matacas di doomu Semeyin,
Semeyin di doomu Yoseg,
Yoseg di doomu Yoda,
27 Yoda di doomu Yowanan,
Yowanan di doomu Resa,
Resa di doomu Sorobabel,
Sorobabel di doomu Salacel,
Salacel di doomu Neri,
28 Neri di doomu Melki,
Melki di doomu Adi,
Adi di doomu Kosam,
Kosam di doomu Elmadam,
Elmadam di doomu Er,

29 Er di doomu Yeesu,
Yeesu di doomu Eliyeser,
Eliyeser di doomu Yorim,
Yorim di doomu Matat,
Matat di doomu Lewi,
30 Lewi di doomu Simeyon,
Simeyon di doomu Yuda,
Yuda di doomu Yuusufa,
Yuusufa di doomu Yonam,
Yonam di doomu Eliyakim,
31 Eliyakim di doomu Meleya,
Meleya di doomu Mena,
Mena di doomu Matata,
Matata di doomu Natan,
Natan di doomu Daawuda,
32 Daawuda di doomu Isayi,
Isayi di doomu Obedd,
Obedd di doomu Bowas,
Bowas di doomu Salmon,
Salmon di doomu Nason,
33 Nason di doomu Aminadab,
Aminadab di doomu Admin,
Admin di doomu Arni,
Arni di doomu Esron,
Esron di doomu Peres,
Peres di doomu Yuda,
34 Yuda di doomu Yanqóoba,
Yanqóoba di doomu Isaaxa,
Isaaxa di doomu Ibraayma,

Ibraayma di doomu Teraa,
Teraa di doomu Naxor,
35 Naxor di doomu Serug,
Serug di doomu Rew,
Rew di doomu Peleg,
Peleg di doomu Eber,
Eber di doomu Sela,
36 Sela di doomu Kaynam,
Kaynam di doomu Arpagsàdd,
Arpagsàdd di doomu Sem,
Sem di doomu Nóoyin,
Nóoyin di doomu Lemeg,
37 Lemeg di doomu Matusalem,
Matusalem di doomu Enog,
Enog di doomu Yeredd,
Yeredd di doomu Maleleel,
Maleleel di doomu Kaynan,
38 Kaynan di doomu Enos,
Enos di doomu Set,
Set di doomu Aadama,
Aadama di doomu Yàlla.

# 4

## Seytaane fiir na Yeesu

1 Yeesu jóge woon na dexu Yurdan, fees ak Xel mu Sell mi. Xel mi
yóbbu ko ci biir màndiŋ bi. 2 Foofu Seytaane fiir na ko ñeent fukki
fan. Lekkul dara ci bés yooyu yépp. Bi loolu weesoo, mu xiifoon.
3 Seytaane ne ko: «Su fekkee yaay Doomu Yàlla, waxal xeer wii mu
soppeeku mburu.» 4 Yeesu ne ko, «Mbind mi nee na: "*Nit du dunde*

*mburu rekk.*"»
[5] Noonu Seytaane yóbbu ko ci catu tund wu gëna kawe, te won ko
ci saa si nguuri àddina si yépp. [6] Mu ne ko: «Yaw, dinaa la jox sañ-
sañu nguur yii ngay gis ak seeni màggaay, ndaxte man lañu ko jox
te ku ma neex rekk la koy jox. [7] Soo nangoo sukk ci sama kanam, lii
yépp yaa koy moom.» [8] Yeesu ne ko, «Mbind mi nee na: "*Bul sukk ci
kanamu kenn ku dul Yàlla sa Boroom te di ko jaamu moom rekk.*"»
[9] Noonu Seytaane yóbbu ko ci Yerusalem, ba ci collu kër-Yàlla gi,
te ne ko: «Su fekkee yaay Doomu Yàlla, tëbal fii te nga daanu ci
suuf, [10] ndaxte Mbind mi nee na: "*Yàlla dina jox malaakaam yi ndigal
ngir ñu aar la,* [11] *téye la ci seeni loxo, ngir ñu bañ say tànk fakkastalu ci
xeer.*"» [12] Noonu Yeesu ne ko, «Mbind mi nee na: "*Bul seetlu Yàlla sa
Boroom.*"»
[13] Gannaaw bi mu ko fiiree ci fànn yépp ba noppi, Seytaane dem
bàyyi fa Yeesu ba beneen yoon.

### Yeesu dem na ci dëkku Nasaret

[14] Gannaaw loolu, Yeesu dellu ci diiwaanu Galile fees ak kàttanu
Xel mi ba tax turam siiw ci diiwaan bi yépp. [15] Ni muy jàngalee ci
kër-ñaan yi tax na ñépp di ko tagg.
[16] Noonu, mu dem ca Nasaret fa mu yaroo woon, dugg ci kër-ñaan
bi, ci bésu noflaay bi, ni mu ko tàmme woon di def. Mu jóg taxaw
ngir jàng kàddu gi, [17] ñu jox ko téere yonent Yàlla Esayi. Mu ubbi ko
gis aaya yiy wax ne:

[18] *«Xelu Boroom bi mu ngi ci man,*
*ndaxte moo ma tànn*
*ngir ma yégal néew-di-doole yi xibaar bu baax bi.*
*Moo ma yónni ngir ma yégal jaam yi ne dinañu leen goreel,*
*ngir ma yégal gumba yi ne dinañu gisaat,*
*ngir ma yewwi ñi ñu not,*

[19] *te yégle atu yiwu Boroom bi.»*
[20] Bi mu jàngee ba noppi, mu tëj téere bi, jox ko ki koy denc, te toog
ngir jàngale. Ñépp ñi nekkoon ci kër-ñaan bi di ko xool ci biir bët.
[21] Noonu mu tàmbali di leen wax ne: «Tey jii, kàddu gi ngeen dégg ci
Mbind bi mat na.»
[22] Ñépp a ko doon seedeel lu baax te waaru ci kàddu yiw yi doon
génn ci gémmiñam, te ñuy wax ne: «Kii ndax du doomu Yuusufa?»
[23] Yeesu tontu leen ne leen, «Dingeen ma wax ci léeb bi wax ne
"Fajkat bi, fajal sa bopp." Te dingeen ma waxaat ne: "Yég nañu lépp
li nga def ci Kapernawum, moom lañu bëgg nga def ko fii ci sa
dëkk."»
[24] Mu yokk ca ne: «Ci dëgg maa ngi leen koy wax, amul benn
yonent bu ñu nangu ci dëkkam. [25] Ci dëgg maa ngi leen koy wax, ci
jamono yonent Yàlla Ilyaas, ci Israyil amoon na jigéen ñu bari, ñu
ñàkkoon seen jëkkër te asamaan si tëju woon diiru ñetti at ak genn-
wàll, tawul te xiif bi bari ci réew mi yépp, [26] waaye Yàlla yónniwul
Ilyaas ci kenn ci ñoom ku dul ci benn jigéen bu ñàkkoon jëkkëram;
bu dëkk ca Sarebta ci wetu réewu Sidon. [27] Ci jamono yonent Yàlla
Alyaasa, ci Israyil amoon na ay gaana yu bari, waaye faju ci woon
kenn ku dul Naamaan mi jóge woon réewu Siri.»
[28] Ba ñi nekkee ci kër-ñaan bi déggee wax yooyu, ñoom ñépp daldi
fees ak mer. [29] Ñu jóg, génne ko dëkk bi, yéegal ko ci kaw tund, bi
nga xamante ne foofu lañu tabaxe woon seen dëkk, ngir bëmëx ko
ci suuf. [30] Waaye Yeesu jaar seen diggante te dem.

### Yeesu dàq na ay rab te wéral ay nit yu feebar

[31] Noonu Yeesu dem dëkku Kapernawum ci diiwaanu Galile. Mu
dugg ci kër-ñaan bi di jàngale ci bésu noflaay bi. [32] Nit ñi yéemu ci
anam ni mu doon jàngalee ndaxte da doon jàngale ak sañ-sañ bu ko
Yàlla jox. [33] Ci biir kër-ñaan bi, amoon na benn waay bu am rab.

Waa ji di wax ak baat bu kawe, di yuuxu, di naan: [34] «Éey! Yeesu mu
Nasaret, loo ma bëggal? Ndax danga ñëw ngir sànk ma? Xam naa la;
yaw yaay ku sell ki Yàlla yónni.» [35] Yeesu gëdd rab bi ne ko: «Noppil
te nga génn ci nit ki.» Noonu, rab bi daaneel ko ci suuf ci kanamu
ñépp, génn ci moom, te defu ko dara. [36] Ñépp waaru di waxtaan ci
seen biir, di wax ne: «Waaw! Yii ñooy yan kàddu? Muy wax ak
kàttan ak sañ-sañ, bay joxe ndigal te rab yi di génn.» [37] Noonu turu
Yeesu daldi siiw ci Kapernawum ak li ko wër.

[38] Bi loolu weesoo, Yeesu génn ci kër-ñaan bi, dem ci kër Simoŋ.
Fekk na yaayu jabaru Simoŋ am yaram bu tàng lool. Ñu ñaan Yeesu
ngir mu def ci dara. [39] Mu jegesi ko, tiim ko, gëdd tàngooru yaram
bi te tàngooru yaram bi bàyyi. Ci saa si yaayu jabaru Simoŋ jóg te di
leen toppatoo.

[40] Bi jant bi sowee, ñu andi ci Yeesu ñépp ñu amoon ay feebar yu
wuute te mu teg kenn ku nekk loxo, wéral leen. [41] Rab yi di génn ci
ñu bari, di yuuxu di wax ne: «Yaw yaay Doomu Yàlla ji.» Yeesu
gëdd leen te tere leen ñu wax ndaxte xamoon nañu ne moom mooy
Almasi bi.

[42] Noonu bi bët setee, Yeesu génn dëkk bi, dem ci béréb bu sori te
mbooloo mu bari di ko seet. Bi ñu ko gisee, ñu bëgg ko téye, ngir
bañ mu dem. [43] Waaye Yeesu jël kàddu gi te wax leen, «Fàww ma
yégle xibaar bu baax bi ci nguuru Yàlla ci yeneen dëkk yi, ndaxte
loolu moo tax Yàlla yónni ma.» [44] Noonu Yeesu di wër ci kër-ñaan yi
nekk ci réewu Yawut yépp, di yégle xibaar bu baax bi.

# 5

### Yeesu woo na taalibeem yu jëkk yi

[1] Benn bés, Yeesu nekkoon ci wetu dexu Senesaret. Foofu amoon
na mbooloo mu takku mu ko wëroon, doon buuxante ngir déglu

kàddu Yàlla gi. [2] Noonu mu gis ñaari gaal yu nekkoon ci tefes bi.
Nappkat yi dañoo wàccoon ngir raxas seeni mbaal. [3] Mu yéeg ci
benn gaal gi nga xam ne Simoŋ moo ko moomoon. Te mu ñaan ko
ne: «Sorilal sa gaal gi tuuti tefes gi.» Yeesu daldi toog ci gaal gi, di
jàngal mbooloo ma fa nekkoon.
[4] Bi mu jàngalee ba noppi, mu wax Simoŋ ne ko: «Joowal sa gaal gi
ba fi ndox mi gëna xóote, te ngeen sànni seeni mbaal ngir napp.»
[5] Simoŋ tontu ko ne: «Kilifa gi, danoo fanaane mbaal guddi gi yépp
ba sonn te jàppunu dara. Waaye ci say kàddu dinaa sànni mbaal yi.»
[6] Bi ñu ko sànnee ñu daldi jàpp ay jën yu bari, ba seen mbaal yi di
waaja xotteeku. [7] Noonu ñu tàllal loxo seen àndandoo yi nekkoon ci
beneen gaal gi ngir ñu ñëw jàppale leen. Bi ñooñu ñëwee, ñu daldi
feesal ñaari gaal yépp ak ay jën, ba seen gaal yi di waaja suux. [8] Bi
Simoŋ Piyeer gisee loolu, mu daldi sukk ci kanamu Yeesu te ne ko:
«Boroom bi, sori ma, ndaxte man bàkkaarkat laa.» [9] Simoŋ ak ñépp
ñi nekkoon ak moom dañoo tiitoon lool ndax kéemaan bi Yeesu
defoon, ba tax ñu jàpp jën yu bari. [10] Tiit boobu tamit jàppoon na ay
àndandoom, maanaam Saak ak Yowaana yi nekkoon ay doomi
Sebede. Waaye Yeesu tontu Simoŋ ne ko: «Bul ragal dara ndaxte
dale ko tey nappkat nit ngay doon.» [11] Noonu ñu génne seeni gaal
ba ci suuf, ñu bàyyi lépp te topp Yeesu.

## Yeesu setal na benn waay ju gaana

[12] Gannaaw loolu Yeesu nekkoon na ci benn dëkk te foofu amoon
na benn waay ju yaramam yépp daj ak feebaru ngaana. Bi mu gisee
Yeesu mu daldi sukk, dëpp kanamam ci suuf, te ñaan ko ne:
«Boroom bi, su fekkee bëgg nga ko, mën nga ma setal.» [13] Yeesu
tàllal loxoom, laal ko te wax ko ne: «Bëgg naa ko. Setal.» Ci saa si,
feebaru ngaana bi daldi koy bàyyi. [14] Ci noonu, Yeesu dénk ko ne:
«Bul ko wax kenn waaye demal nga won sa bopp jébbalkatu-sarax

si te nga joxe sarax siy wone ne set nga, ni ko yoonu Musaa diglee,
te loolu dina mëna nekk seede ci ñoom.» 15 Turu Yeesu daldi gëna
siiw te ay nit yu bari ñëwoon nañu ngir déglu ko te mu wéral seeni
feebar. 16 Waaye Yeesu ci boppam dem na, ni mu ko tàmme woon di
def, ci biir màndiŋ ba ngir ñaan.

### Yeesu wéral na waay ju làggi

17 Benn bés Yeesu doon jàngale. Amoon na ñu bokk ci tarixa bi ñuy
woowe Farisen yi ak ay jàngalekatu-yoonu-Musaa yu fa toogoon di
ko déglu. Jógewoon nañu ci dëkk yépp ci diiwaanu Galile, ci
diiwaanu Yude ak ci dëkku Yerusalem. Yeesu àndoon na ak kàttanu
Boroom bi ngir faj. 18 Noonu mu am ay nit ñu ñëw, jàppoo ci basaŋ
nit ku làggi. Ñu jéemoon koo dugal ci biir kër gi ngir andi ko ci
kanamu Yeesu, 19 waaye mënuñu ko woon ndax mbooloo ma.
Noonu ñu yéeg ci kaw kër gi, toj dal bi, te wàcce ko ak basaŋam ci
diggu ñépp ci kanamu Yeesu. 20 Bi Yeesu gisee seen ngëm, mu wax
nit ku làggi ki ne: «Sama waay, baal nañu la say bàkkaar.» 21 Noonu
jàngalekatu-yoonu-Musaa yi ak Farisen yi tàmbali di xalaat ci seeni
xel di wax ne: «Kii mooy kan bay méngale boppam ak Yàlla? Amul
kenn ku mëna baale bàkkaar yi, ku dul Yàlla.» 22 Yeesu xam li ñu
doon xalaat ci seen biir xol, te mu ne leen: «Lan ngeen nekk di
xalaat ci seen biir xol? 23 Ban moo gëna yomb: wax nit ki "baal nañu
la say bàkkaar," walla wax nit ki "jógal te dox"? 24 Li ma bëgga def
mooy ngir ngeen xam ne Doomu nit ki am na sañ-sañ ci àddina si
baale bàkkaar yi.» Noonu mu wax ku làggi ki: «Jógal, jël sa basaŋ, te
nga ñibbi.» 25 Ci saa si mu daldi jóg ci kanamu ñépp di màggal Yàlla,
jël basaŋ bi mu tëddewoon, di ñibbi këram. 26 Ñépp waaru woon
nañu, ànd ak tiitaange di màggal Yàlla te di wax ne: «Gis nanu tey
ay mbir yu nu yéem.»

### Yeesu woo na Lewi te Farisen yi laaj nañu Yeesu

27 Bi loolu weesoo, Yeesu génn te gis benn juutikat bu tudd Lewi,
mu toog ci bérébu liggéeyukaay bi. Mu wax ko ne: «Topp ma,» 28 te
mu jóg, bàyyi lépp, daldi topp Yeesu. 29 Lewi togglu reer bu mag ci
biir këram ngir Yeesu te juutikat yu bari ak ay nit ñu bari doon
lekkandoo ak ñoom. 30 Farisen yi ak jàngalekati-yoonu-Musaa yi
bokkoon ci ñoom di xuntu, di wax taalibeem yi: «Lu tax ngeen di
lekkandoo te di naanandoo ak ay juutikat ak ay bàkkaarkat?»
31 Yeesu jël kàddu gi te wax leen: «Du ñi wér ñoo soxla fajkat, waaye
ñi wéradi. 32 Damaa ñëw ngir woo bàkkaarkat yi, ñu tuub seeni
bàkkaar, waaye du ñu jub ñi.»

33 Ñu wax ko ne: «Taalibey Yaxya yi ak taalibey Farisen yi dañuy
faral di woor ak di ñaan, waaye yaw say taalibe dañuy lekk ak di
naan.» 34 Mu tontu leen ne: «Ndax kenn mën na woorloo xariti
boroom séet bi, waxtu yi mu nekke ak ñoom? 35 Ay bés a ngi ñëw ñu
jële boroom séet bi ci seen biir te ci bés yooyu dinañu woor.»

36 Mu wax leen benn léeb ne leen: «Kenn du xotti ab daggit ci yére
bu bees te di ko taqale ci yére bu màggat, ndaxte bu ko defee, bu
bees bi day yàqu te daggit bu bees bi du ànd ak yére bu màggat bi.
37 Te kenn du jël biiñ bu bees di ko def ci ay mbuusi der yu màggat.
Lu ko moy, biiñ bi dina fëq mbuus ya, daldi tuuru, te mbuus ya
dinañu yàqu, 38 waaye fàww nga jël biiñ bu bees nga def ko ci ay
mbuusi der yu bees. 39 Te kenn, gannaaw bi mu naanee biiñ bu
màggat ba noppi du bëgg biiñ bu bees ndaxte day wax ne bu
màggat bi moo gëna baax.»

# 6

## Yeesu mooy Boroom bésu noflaay bi

[1] Benn bésu noflaay, Yeesu doon jàll ci tool yi. Taalibe yi witt ci
pepp yi, di boxom te di yéy. [2] Ñenn ci Farisen yi laaj leen: «Lan moo
tax ngeen di def loolu? Yoonu Musaa dafay tere liggéey ci bésu
noflaay bi.» [3] Yeesu tontu leen ne leen: «Xanaa jànguleen li
Daawuda defoon bu mu xiifee, moom ak ñi mu àndaloon? [4] Mu dugg
ci kër-Yàlla gi, jël mburu yi ñu jébbal Yàlla, lekk ci, te jox ci ñi mu
àndaloon, te fekk na yoon bi mayul kenn di ko lekk ku dul
jébbalkati-sarax si.» [5] Te mu ne leen: «Doomu nit ki mooy boroomu
bésu noflaay bi.»
[6] Beneen bésu noflaay Yeesu dugg ci kër-ñaan bi, di jàngale. Foofu
amoon na benn waay bu loxo ndeyjooram làggi. [7] Jàngalekati-
yoonu-Musaa yi ak Farisen yi doon ko xool ba xam ndax ci bésu
noflaay bi dina wéral waa ji ngir ñu tuumaal ko. [8] Waaye Yeesu xam
seeni xalaat, wax ku am loxo bu làggi bi: «Jógal te nga taxaw ci
kanamu ñépp.» Mu jóg, taxaw. [9] Yeesu ne leen: «Am naa benn laaj
ngir yeen. Lan la yoon bi maye ngir ñu def ko ci bésu noflaay bi, lu
baax walla lu bon? Muccal nit walla bàyyi ko mu loru?» [10] Noonu
Yeesu xool leen ñoom ñépp, wax nit ki am loxo bu làggi bi: «Tàllalal
sa loxo.» Nit ka tàllal loxoom, daldi wér. [11] Jàngalekati-yoonu-
Musaa yi ak Farisen yi daldi fees dell ak mer, di waxtaan ci seen biir
lan lañu wara def Yeesu.

## Yeesu tànn na fukki ndaw yi ak ñaar

[12] Benn bés Yeesu dem na ci tund bi ngir ñaan. Mu fanaane ñaan
Yàlla, guddi gi yépp. [13] Bi bët setee, mu woo taalibeem yi te tànn ci
fukk ak ñaar, tudde leen ay ndaw: [14] Simoŋ mi Yeesu doon woowe
Piyeer, Andare te mu bokk ak Piyeer ndey ak baay, Saak, Yowaana,

Filib, Bartelemi, [15] Macë, Tomaa, Saak di doomu Alfe, Simoŋ mi ñuy
woowe "ku takku ci réewam", [16] Yudaa di doomu Saak, ak Yudaa
Iskariyot di ki ko mujjoona wor.

### Yeesu jàngal na taalibeem naka lañu wara jëfe

[17] Bi Yeesu wàccee ci tund bi àndoon na ak ndaw yi, taxaw ci béréb
bu suufe. Foofu, amoon na taalibe yu bari ak mbooloo mu takku
jóge woon ci diiwaanu Yude ak dëkku Yerusalem ak dëkk yi nekk ci
wetu géej, maanaam Tir ak Sidon. Ñëwoon nañu ngir déglu ko te jot
seen wér gu yaram. [18] Ñi nga xamante ne ay rab yu bon dañu leen
sonaloon tamit jot nañu seen wér gu yaram. [19] Ñoom ñépp dañu
doon wuta laal Yeesu ndax kàttan bi doon génn ci moom tey wéral
seeni feebar.

[20] Noonu Yeesu yékkëti bëtam yi, xool taalibe yi, ne leen:

«Barkeel ngeen, yeen ñi néew doole
ndaxte nguuru Yàlla yeena ko moom.
[21] Barkeel ngeen, yeen ñi xiif léegi,
ndaxte dingeen regg.
Barkeel ngeen, yeen ñiy jooy léegi,
ndaxte dingeen reetaan ni ji.
[22] Barkeel ngeen su leen ñépp bañee
te beddi leen te di leen saaga,
di wax lu bon ci yeen ndax Doomu nit ki.
[23] Ci kaw loolu, àndleen ak mbégte tey fecc,
ndaxte Yàlla mu ngi leen di waajal neexal bu mag ci asamaan.
Ci dëgg-dëgg, ñoom, noonu la seeni maam doon def ak yonent yi.

[24] «Waaye musiba dal na leen, yeen boroom alal yi
ndaxte dëfël nañu leen ba noppi.
[25] Musiba dal na leen, yeen ñi regg

ndaxte dingeen xiifati.
Musiba dal na leen, yeen ñiy ree léegi,
ndaxte dingeen ànd ak naqar aki rongooñ.
[26] Musiba dal na leen, su leen ñépp di wax lu baax ci yeen,
ndaxte ñoom, noonu la seeni maam doon def ak yonent yi nga
xam ne dëgguwuñu woon.
[27] «Waaye maa ngi leen koy wax yeen ñi may déglu, bëggleen seeni
noon, te di leen defal lu baax ñi leen bañ, [28] te barkeelleen ñépp ñi
leen yéene lu bon te ñaanalleen ñi leen di def lu bon. [29] Bu la nit
mbejee ci benn lex bi, jox ko bi ci des. Bu nit jëlee sa mbubb mu
mag, bu ko tere mu jël yére bu ndaw bi nga sol. [30] Mayal képp ku la
ñaan. Bu nit jëlee sa yëf bul ko wax mu delloo la ko. [31] Li ngeen bëgg
ñu defal leen ko, yeen tamit defleen ko ngir ñoom. [32] Booleen
bëggee ñi leen bëgg rekk, ban ngërëm ngeen ciy jële? Bàkkaarkat yi
tamit bëgg nañu ñi leen bëgg rekk. [33] Booleen defalee lu baax ñi
leen di defal lu baax rekk, ban ngërëm ngeen ciy jële? Ndax
bàkkaarkat yi tamit dañuy defal lu baax ñi leen di defal lu baax?
[34] Te bungeen di lebal ñi ngeen yaakaar ñu fey leen, ban ngërëm
ngeen ciy jële? Bàkkaarkat yi tamit, dañuy lebal seeni moroom
bàkkaarkat ngir bu ñu leen di fey, ñu jox leen lu tollook li ñu leen
lebaloon. [35] Waaye yeen, nangeen bëgg seeni noon, te defal leen lu
baax, te nangeen leble te baña xaar ngir ñu fey leen, te noonu
dingeen am neexal bu réy, te dingeen doon ay doomu Yàlla Aji-
Kawe ji, moom mi nga xam ne moo baax ci ñu goreedi ñi ak ñu
soxor ñi. [36] Amleen yërmande ni Yàlla seen Baay ame yërmande.
[37] «Buleen àtte te duñu leen àtte, buleen daan te duñu leen daan.
Baaleleen te dinañu leen baal. [38] Joxeleen te dinañu leen jox. Dinañu
leen sottil ay peppu ceeb ci seeni poos ba ñu fees dell bay tuuru,
ndax ni ngeen di natte noonu lañu leen di nattale.»

[39] Yeesu wax léeb bii: «Ndax gumba mën na wommat moroomu
gumbaam? Déedéet, ndaxte bu ñu moytuwul, ñoom ñaar ñépp
dinañu daanu ci kàmb. [40] Ndax taalibe bi, moo gëna mag
jàngalekatam? Waaye bu jàngee ba mokkal, mën na mel ni
jàngalekatam.
[41] «Lu tax ngay xool ñax bi nekk ci sa bëtu moroom te gisoo bant
bi nekk ci sa bët? [42] Lu tax ngay wax sa moroom: "Kaay ma dindil la
ñax bi ci sa bët," te yaw gisoo bant bi ci sa bët? Naaféq bi! Génneel
ba noppi bant bi ci sa bët. Bu booba dinga gis bu baax te mëna
génne ñax bi ci sa bëtu moroom.
[43] «Garab bu baax du am meññeef bu bon te garab bu bon du am
meññeef bu baax. [44] Garab bu nekk ñu ngi koy xàmme ci
meññeefam. Kenn du witt gaŋ ci garabu kàdd, te kenn du witt ay
reseñ ci ay xaaxaam. [45] Nit bu baax mu ngi jële ci biir xolam bu fees
ay mbir yu baax, te nit bu bon mu ngi jële ci biir xolam bu fees ay
mbir yu bon. Lu fees ci xol, gémmiñ wax ko.
[46] «Lu tax ngeen may woowe "Boroom bi, Boroom bi," te dooleen
jëfe samay kàddu? [47] Dinaa leen won nit kiy ñëw ci man lu muy
nirool, mooy ki nga xam ne day déglu samay kàddu te di ko jëfe.
[48] Day mel ni nit kuy tabax këram, gas, gas ba mu xóot, teg
fondamaa bi ci kaw doj. Bu dex bi walee, ndox yi dal ci kër gi, te du
ko mëna yàq ndaxte tabax bi dafa baaxoon. [49] Waaye kiy déglu
samay kàddu te du ko jëfe, day mel ni nit kuy tabax ci suuf si. Amul
fondamaa. Bu ndoxu dex gi walee ci kër gi, ci saa si, kër gi daldi
màbb. Noonu yàqute kër googu dina réy lool.»

# 7

## Ngëmu njiitu soldaaru Room bi

1 Gannaaw bi mu waxee kàddu yooyu yépp mbooloo mi ko doon
déglu ba noppi, Yeesu dugg na Kapernawum. 2 Foofu, amoon na
benn njiitu soldaaru Room bu amoon surgaam bu mu bëggoon lool,
te mu feebar bay waaja dee. 3 Bi mu déggee ñuy wax ci Yeesu, mu
yónni yenn njiitu Yawut ngir ñu ñaan ko mu ñëw wéral surgaam bi.
4 Bi ñooñu yegsee ci wetu Yeesu, ñu daldi koy ñaan ndimbal ak
doole, ne ko: «Kii déy, yelloo na nga defal ko lii 5 ndaxte ku bëgg
sunu askan bi la, te moo def ba nu tabax sunu kër-ñaan bi.»
6 Noonu Yeesu daldi ànd ak ñoom. Bi ñu demee ba jegesi kër gi,
njiitu soldaar bi daldi ko yónnee ay xaritam. Bi ñu dajeek Yeesu, ñu
ne ko: «Boroom bi, jarul ngay sonal sa bopp ndaxte yelloowuma
nga dugg sama kër. 7 Te loolu moo waral sax ma yaakaar ne
yelloowuma ñëw fekksi la. Waaye waxal benn kàddu te sama surga
bi dina wér, 8 ndaxte man tamit am naa ay kilifa yu may jiite, te jiite
naa ay soldaar yu may jox ndigal. Su ma nee kii "Demal," mu dem!
Su ma nee kee "ñëwal," mu ñëw! Am naa tamit surga. Su ma ko nee
"defal lii," mu def ko!»
9 Noonu bi Yeesu déggee kàddu yooyu, mu daldi yéemu ci njiitu
soldaar bi te mu daldi walbatiku xool mbooloo mi ko doon topp te
ne: «Maa ngi leen koy wax, ci Israyil mësuma gis ngëm gu réye nii.»
10 Noonu bi ñi njiitu soldaar bi yónni woon delloo kër ga, ñu fekk
surga bi feebaroon daldi wér.

## Yeesu dekkil na doom ju góor ju jigéen ju ñàkkoon jëkkëram

11 Te noonu Yeesu àndoon na ak taalibeem yi ak mbooloo mu bari,
doon dem ci dëkk bi ñuy woowe Nayin. 12 Bi ñu yegsee ba ci buntu
dëkk bi, foofu amoon na ay nit yuy génn dëkk bi, doon robi néew,

di woon benn doom bu góor képp ci yaayam bi ñàkkoon jëkkëram,
te mbooloo mu takku jóge woon na dëkk ba di ko gunge. [13] Noonu,
bi Boroom bi gisee ku jigéen ki, mu daldi ko yërëm lool te wax ko
ne: «Bàyyil jooy yi.» [14] Noonu mu jegesi, laal basaŋ bi ñu tëraloon
néew bi, ñi ko yoroon daldi taxaw. Mu wax ne: «Xale bu góor bi,
maa ngi la koy wax, jógal.»
[15] Noonu néew bi daldi toog te tàmbali wax. Yeesu delloo ko
yaayam. [16] Mbooloo ma fa nekkoon yépp àndoon nañu ak tiitaange,
di màggal Yàlla tey wax ne: «Yonent bu mag feeñ na sunu biir te
Yàlla ganesi na askanam.» [17] Noonu kàddu yooyu ci Yeesu daldi siiw
ci réewu Yawut yépp ak li ko wër.

### Yeesu wax na ci lu jëm ci Yaxya

[18] Te taalibe Yaxya yi nettali nañu ko loolu lépp. Noonu mu woo
ñaar ci ñoom, [19] te mu yónni leen ci Boroom bi ngir laaj ko: «Ndax
yaw yaay Almasi bi waroona ñëw walla danoo wara xaar keneen?»
[20] Noonu bi ñu yegsee ci wetu Yeesu ñu wax ko ne: «Yaxya moo nu
yónni ngir nu laaj la: "Ndax yaw yaay Almasi bi waroona ñëw walla
danoo wara xaar keneen?"» [21] Ci waxtu boobu sax Yeesu mu ngi
doon wéral ay nit ñu bari ci seeni feebar, ci seeni laago te di dàq
rab yu bon, te mu doon gislowaat gumba yi. [22] Noonu mu tontu
taalibe Yaxya yi ne leen: «Demleen, nettali Yaxya li ngeen gis ak li
ngeen dégg. Gumba yi ñu ngi gisaat, lafañ yi ñu ngi dox, gaana yi
wér nañu, tëx yi ñu ngi dégg, te ñi dee woon ñu ngi dekki; te yégal
nañu xibaar bu baax bi néew-di-doole yi. [23] Barkeel na ki dul ñàkk
ngëm ndax man!»
[24] Gannaaw bi ñi Yaxya yónni woon delloo, Yeesu di wax ak
mbooloo mi, ci lu jëm ci Yaxya: «Lan ngeen demoon gis ci màndiŋ
bi: benn xeetu ñax bu ngelaw li di naawloo ci wet bu nekk? [25] Waaye
lan ngeen demoon gis: benn nit bu sol ay yére yu rafet? Ñiy sol ay

yére yu rafet dañuy dund ci biir bànneex te di dëkk ci biir kër buur
yi. 26 Waaye lan ngeen demoon gis: ab yonent? Waaw, maa ngi leen
koy wax, ku ëpp sax yonent, 27 ndaxte ci Yaxya la Mbind mi wax ne:

*"Xoolal maa ngi yónnee ci sa kanam benn yonent*
*ngir mu waajal sa yoon ci sa kanam."*

28 Te maa ngi leen koy wax, ci ñi juddoo ci jigéen amul kenn ku gëna
màgg Yaxya, waaye ki gëna ndaw ci nguuru Yàlla gi, moo ko gëna
màgg.»

29 Te noonu niti askan bi yépp ak juutikat yi doon déglu bataaxalu
Yaxya, nangu nañu ne Yàlla dafa jub ba tax ñu nangu Yaxya sóob
leen ci ndox. 30 Waaye Farisen yi ak jàngalekati-yoonu-Musaa yi
nanguwuñu coobare Yàlla ci seen dund ba tax nanguwuñu Yaxya
sóob leen ci ndox.

31 Yeesu waxaat ne: «Ñan laa wara méngalee nitu jamono ji ak ñan
lañuy nirool? 32 Ñu ngi nirook ay xale yu toog ci péncu dëkk bi di
yuuxuwante, ñenn ñi di wax ñeneen ñi, ne:

"Woyal nanu leen woyu bànneex te fecculeen.
Woyal nanu leen woyu dëj te jooyuleen."

33 Ndaxte Yaxya ñëw na, lekkul mburu, naanul biiñ, ngeen wax ne:
"Kii dafa am rab." 34 Noonu Doomu nit ki ñëw na di lekk te di naan,
ngeen wax ne: "Kii day lekk ak naan rekk, di xaritu juutikat yi ak
bàkkaarkat yi." 35 Waaye ñépp ñi nangu li Yàlla wax ci xelam bu
rafet, xam nañu ne Yàlla dafa jub.»

## Yeesu ci kër Farisen ba Simoŋ

36 Amoon na benn Farisen bu ñaan Yeesu ngir mu lekkandoo ak
moom ci këram. Yeesu nangu, dugg kër Farisen bi, te toog ci
bérébu lekkukaay ba. 37 Mu am benn jigéen bu dundinam baaxul bu
nekkoon ci dëkk bi, mu xam ne Yeesu mu ngi kër Farisen bi, mu
ñëw, andaale butéel bu rafet bu ñuy woowe albaatar bu fees dell ak

latkoloñ. 38 Noonu mu jegesi ci wetu tànki Yeesu, di jooy ba tooyal
tànki Yeesu ak rongooñam te di leen fompe kawaram, di leen fóon
te di ko sotti latkoloñ.
39 Noonu bi Farisen bi dalal Yeesu gisee loolu, muy xalaat ci xelam
ne: «Kii, su doon yonent, doon na xam, jigéen bi koy laal, dundinam
baaxul.» 40 Yeesu jël kàddu gi, ne ko: «Simoŋ, bëgg naa la wax lii.»
Simoŋ tontu ko ne: «Jàngalekat bi, waxal.» 41 Yeesu ne ko: «Dafa
amoon benn waay. Mu lebaloon ñaari nit bor. Kenn ki mu lebal ko
téeméeri junni, keneen ki mu lebal ko fukki junni. 42 Te ñoom ñaar
ñépp amuñu woon lu ñu mëna feye bor yi. Ci mbaaxam mu baal
leen ñoom ñaar ñépp seeni bor. Ci ñoom ñaar kan moo ko ciy gëna
bëgg?» 43 Simoŋ tontu ko ne: «Xanaa ki mu baal bor bu mag bi.»
Yeesu ne ko: «Àtte nga bu baax.» 44 Noonu, Yeesu walbatiku ci ku
jigéen ki, ne ko: «Simoŋ, gis nga ku jigéen kii? Yaw, bi ma duggee sa
kër mayuloo ma ndox ngir ma raxas samay tànk, waaye moom,
noppiwul di tooyal samay tànk ak rongooñam te di leen fompe
kawaram. 45 Yaw, fóonuloo ma, waaye moom, noppiwul di fóon
samay tànk. 46 Diwuloo diw ci sama bopp, waaye moom, noppiwul di
sotti latkoloñ ci samay tànk. 47 Moo tax maa ngi la koy wax ne
mbëggeelam dafa bari ndaxte baal nañu ko bàkkaaram yu bari yi,
waaye ku ñu baal tuuti, mbëggeelam day tuuti.» 48 Noonu Yeesu ne
ku jigéen ki: «Baal nañu la say bàkkaar.»
49 Noonu ñi nekkandoo woon ak moom ci bérébu lekkukaay bi, di
wax ci seen xel ne: «Kii mooy kan bay baale bàkkaar?» 50 Yeesu ne
ku jigéen ki: «Sa ngëm muccal na la, demal ci jàmm.»

# 8

## Yeesu ak ñi mu àndaloon

[1] Te ci noonu, Yeesu doon na dem dëkk ak dëkk ak ci gox-goxaat
yi, di waare ak di yégle xibaar bu baax bi ci nguuru Yàlla. Fukki
ndaw yi ak ñaar àndoon nañu ak moom [2] ak yenn jigéen yi mu
dàqoon ay rab yu bon ak wéral seeni feebar: Maryaama mi ñuy
woowe Maryaama mu Magdala te mu dàqoon ci moom juróom
ñaari rab yu bon, [3] ak Sànn di jabaru Kusa miy njiitu ñi doon liggéey
kër Erodd mi yilifoon diiwaanu Galile, ak Susànn ak yeneen jigéen
yu bari yu doon jàppale Yeesu ak taalibeem yi ak seen alal.

## Léebu jikat bi

[4] Noonu mu am mbooloo mu bari, jóge dëkk ak dëkk, ñu daldi ñëw
ci wetam. Noonu mu wax leen léeb bii: [5] «Dafa amoon benn jikat bu
génn ngir jiyi jiwam. Bi muy ji am pepp yu daanu ci yoon bi; nit ñi
ñëw, dëgg ko, picci asamaan si ñëw lekk li des. [6] Yenn pepp yi daanu
ci diggante xeer yi, bi ñu saxee ñu daldi wow, ndaxte foofu tooyul
woon. [7] Yeneen pepp yi daanu ci diggante ay xaaxaam; ñu daldi
jógandoo ak xaaxaam yi, xaaxaam yi tanc leen. [8] Waaye yi ci des
daldi daanu ci suuf su baax si; ci noonu ñu daldi meññ téeméeri
yoon lu ëpp li ñu ji woon.» Yeesu yékkëti baatam te yokk ca ne: «Na
ki am nopp ngir déglu, dégg.»

[9] Taalibeem yi laaj ko lu léeb bi di tekki. [10] Mu tontu leen: «Yeen,
Yàlla may na leen ngir ngeen xam li nëbbu ci nguuru Yàlla gi,
waaye ñeneen ñi, dama leen koy wax ci léeb ngir *bu ñuy xoole, ñu
baña gis, te ñu dégg, baña ràññee.*

[11] Lii la léeb bi di tekki: jiwu ji mooy kàddu Yàlla gi. [12] Ñi nga xam
ne moo nekk ci yoon bi mooy ñiy déglu kàddu gi, waaye Seytaane
ñëw, këf kàddu gi nekk ci seen biir xol ngir ñu baña gëm te baña

mucc. [13] Li nga xam ne moo daanu ci xeer yi mooy ñiy déglu te
nangu kàddu gi ak mbégte waaye amuñu reen, te dañuy gëm benn
diir te bàyyi ngëm bi ci waxtu bi jafe-jafe yi ñëwee. [14] Beneen bi
mooy ji nga xam ne moo daanu ci xaaxaam yi, mooy ñiy déglu te
nangu kàddu gi, waaye jafe-jafe àddina si, alal yi, bànneexu bakkan
tanc leen ba tax duñu am ay meññeef yu baax. [15] Te beneen bi
daanu ci suuf su baax si mooy ñi nga xamante ne dañuy déglu
kàddu gi te denc ko ci seen biir xol bu baax ak dëggu, téye ko di
dëgër-dëgërlu ba ñu am meññeef.»

### Léebu làmp bi

[16] «Kenn du taal làmp di ko muur walla di ko dugal ci ron lal,
waaye dañu koy wékk ngir ku duggsi mëna gis leer bi. [17] Amul dara
lu nëbbu lu nit dul xam; amul dara lu umpe lu nit dul xamle benn
bés. [18] Moytuleen ci anam bi nuy déggee, ndaxte ku am dinañu la
yokkal, waaye ku amul dinañu jël sax li nga xalaatoon ne moom
nga am.»

### Yaayu Yeesu ak rakkam yi

[19] Yaayu Yeesu ak rakki Yeesu yi ñëw ngir gis Yeesu, waaye
mënuñu woon jot ci moom ndax mbooloo mi. [20] Ñu ne ko: «Sa yaay
ak say rakk ñu ngi ci biti, bëgg la gis.» [21] Waaye Yeesu tontu leen ne:
«Sama yaay ak samay rakk, mooy ñiy déglu kàddu Yàlla gi te di ko
jëfe.»

### Yeesu dalal na ngelaw li ak ndox mi

[22] Benn bés Yeesu ak taalibe yi yéeg gaal. Yeesu ne taalibe yi: «Nu
dem ba ci beneen tefes bi.» [23] Bi ñu doon dem Yeesu daldi nelaw.
Ngelaw gu am doole yëngal ndox mi, te ndox mu bari dugg ci biir
gaal gi. Ñu nekkoon ci tolof-tolof. [24] Taalibe yi jegesi ko, yee ko ne
ko: «Kilifa gi, kilifa gi, nu ngi suux!» Yeesu daldi jóg, gëdd ngelaw li

ak ndox mi. Lépp dal. 25 Yeesu ne taalibe yi: «Ana seen ngëm?»
Taalibe yi tiitoon nañu te waaru di waxtaan ci seen biir di naan:
«Waaw! Kii mooy kan sax, bay joxe ndigal ngelaw li ak ndox mi te
ñu koy déggal?»

### Yeesu wéral na waay ju am ay rab

26 Yeesu ak taalibeem yi teer nañu ci diiwaanu Serasa. Mu
jàkkaarlook diiwaanu Galile. 27 Bi Yeesu wàccee gaal gi, am benn
waay, di doom ci diiwaan bi, di ñëw, di dajesi ak moom. Waa ji
amoon na ay rab, te yàgg na lool daawul sol yére te dëkkul ci kër
waaye mu ngi dëkkoon ci armeel yi. 28-29 Yenn saay rab yi jàpp ko, te
nit ñi doon takk loxoom yi ay ceen te di takk tànk yi ak ay weñ,
waaye du tere mu dog ko te rab bi di ko yóbbu ci màndiŋ mi. Bi mu
gisee Yeesu mu daanu ci tànkam yi di yuuxu te di wax ak baat bu
kawe ne: «Loo ma bëggal, Yeesu Doomu Yàlla Aji-Kawe ji? Ma ngi la
koy ñaan, bul ma metital.» Wax na loolu ndaxte fekkoon na Yeesu
jox ndigal rab bi ngir mu génn ci waa ji. 30 Yeesu laaj ko: «Noo
tudd?» Mu tontu ko ne: «Coggal laa tudd.» Wax na loolu ndaxte rab
yu bari ñoo nekkoon ci moom. 31 Rab yi ñaan Yeesu ngir mu bañ
leena sànni ci kàmb gu ñu tëj xel yu bon yi.

32 Te fekk na ci waxtu boobu amoon na géttu mbaam-xuux yu bari,
yu doon wut lu ñuy lekk ci kaw tund bi. Rab yi ñaan Yeesu ngir mu
may leen ñu dugg ci géttu mbaam-xuux yi. Yeesu may leen ko.
33 Noonu rab yi daldi génn ci waa ji, dugg ci mbaam-xuux yi, te
mbaam-xuux yi di gaawantu, tarxiis, daanu ci dex bi, daldi lab. 34 Bi
sàmmkatu mbaam-xuux yi gisee li xewoon, ñu daldi daw, dem ci
dëkk bi, ak ci kër àll yi, di nettali lépp lu ñu gisoon. 35 Nit ñi génn
ngir gis li xewoon. Bi ñu yegsee ci wetu Yeesu, ñu gis ki rab yi
jàppoon, mu toog ci wetam sol yére te ànd ak sagoom. Ñu daldi tiit.
36 Ñi ko fekkewoon di nettali naka la waa ji ame woon rab mucce.

[37] Noonu waa diiwaanu Serasa yépp di ñaan Yeesu ngir mu génn
seen diiwaan ndaxte tiitaange bu mag, moo leen jàppoon. Bi Yeesu
di yéeg ci gaal gi ngir dellu, [38] ki mu teqale woon ak rab yi ñaan ko
ngir mu ànd ak moom. Waaye Yeesu ne ko: [39] «Ñibbil sa kër te nga
nettali lépp li la Yàlla defal.» Waa ji ñibbi këram, di yégle ci dëkk bi
yépp li ko Yeesu defal.

### Yeesu dekkil na doomu Yayrus te wéral jigéen ju doon xëpp deret

[40] Bi Yeesu dellusee ci Galile mbooloo mu bari moo ko doon teeru
ndaxte dañu ko doon xaar. [41] Foofu amoon na benn nit bu tudd
Yayrus nekk njiitu kër-ñaan bi. Mu sukk ci tànku Yeesu ngir ñaan
ko ngir mu ñëw këram, [42] ndaxte dafa amoon benn doom bu jigéen
képp bu am fukki at ak ñaar, te feebaroon bay waaja dee.
Bi ñuy dem ci yoon bi mbooloo mi di tanc Yeesu. [43] Foofu amoon
na benn jigéen bu doon xëpp deret lu tollu ci fukki at ak ñaar, te
fajoo alalam bi yépp ci fajkat yi, waaye kenn mënu ko woona wéral.
[44] Mu jaar ci gannaaw Yeesu, laal catu yéreem, te xëpp deret bi
daldi taxaw ci saa si. [45] Yeesu laaj leen: «Kan moo ma laal?» Waaye
ñépp di wax ne: «Du man! Du man!» Piyeer ne ko: «Kilifa gi,
mbooloo mi la wër ñoo la tanc.» [46] Yeesu waxaat ne: «Am na ku ma
laal ndaxte yég naa kàttan bu génn ci man.» [47] Bi ku jigéen ki xamee
ne mënatul nëbbatu. Muy ñëw di lox, te sukk ci tànku Yeesu yi, di
wax ci kanamu ñépp lu tax mu laaloon ko ak ni mu jote wér ci saa
si. [48] Yeesu ne ko: «Sama doom sa ngëm wéral na la; demal ci
jàmm.»
[49] Bi Yeesu di wax loolu, benn nit jóge ci kër Yayrus mi nekk njiitu
kër-ñaan bi, te ne ko: «Jarul nga sonal jàngalekat bi, ndaxte sa
doom dee na.» [50] Bi Yeesu déggee wax yooyu, mu ne Yayrus: «Bul
ragal dara. Gëmal rekk te sa doom dina mucc.» [51-53] Noonu bi ñu

yegsee ci kër gi, Ñépp a doon jooy di naqarlu xale bi. Mu ne leen:
«Bàyyileen jooy yi. Xale bi deewul, day nelaw rekk.» Noonu ñu koy
ñaawal ndaxte xamoon nañu ne xale bi dee na. Yeesu nanguwuloon
kenn dugg ak moom, ku dul Piyeer, Yowaana, Saak, pàppa xale bi
ak yaayam. 54 Mu téye loxo xale bi, te mu wax ak baat bu kawe ne:
«Sama doom, jógal.» 55 Noonu xale bi daldi dekki te mu jóg ci saa si.
Mu naan leen: «Joxleen ko mu lekk.» 56 Waajuru xale bi waaru woon
nañu lool. Waaye Yeesu ne leen: «Buleen wax kenn li fi xew.»

# 9

## Ku nit ñi fooge woon Yeesu

1 Yeesu dajale na fukki ndaw yi ak ñaar, jox leen kàttan ak sañ-sañ
ngir dàq rab yi yépp tey wéral ñi feebar. 2 Noonu mu yónni leen
ngir ñu waare xibaar bu baax bi ci nguuru Yàlla te wéral feebar yi.
3 Mu ne leen: «Buleen yóbbu dara ci tukki bii: du yet, du saaku, du
mburu, du xaalis, te buleen yóbbaale yeneen yére. 4 Bu ñu leen
dalalee ci kër, nangeen des foofu ba seen waxtu dem jot. 5 Fépp fu
leen nit ñi baña dalal, génnleen ci dëkk boobu te faxas pënd bi nekk
ci seeni tànk, ngir loolu mën leen seedeel seen réer.» 6 Noonu ñu
daldi dem ci gox-goxaat yi, di waare xibaar bu baax bi tey wéral ñi
feebar.

7 Bi Erodd mi yilif diiwaanu Galile déggee lépp li xewoon, noonu
mu daldi jaaxle, ndaxte ñenn ñi dañu doon wax ne: «Yaxya moo
dekki ci ñu dee ñi.» 8 Ñeneen ñi di wax ne: «Ilyaas moo feeñu.» Ñi ci
des di ne: «Kenn ci yonent yu jëkk yi moo dekki.» 9 Waaye Erodd di
wax ne: «Dagglu naa boppu Yaxya, kon ci kan lañuy wax ci li ma
dégg ci mbir yi?» Noonu mu wutoon ko gis.

10 Bi fukki ndaw yi ak ñaar dellusee, ñu nettali Yeesu lépp li ñu
defoon. Noonu mu jël leen, beru ak ñoom ci wetu dëkk bi ñuy

woowe Betsayda. 11 Waaye bi mbooloo mi yégee loolu, ñu daldi koy
topp. Yeesu dalal leen, wax leen ci nguuru Yàlla gi, te wéral ñi soxla
woon wér-gu-yaram. 12 Bi jant bi di waaja sow, fukki ndaw yi ak
ñaar jegesi ko, te wax ko ne: «Yewwil mbooloo mi, ñu mëna dem ci
dëkk yi ak ci gox-goxaat yi nu wër ngir ñu mëna dal foofu te am lu
ñuy lekk ndaxte béréb bi nu nekk màndiŋ la.» 13 Waaye Yeesu ne
leen: «Yeen ci seen bopp, joxleen ñoom lu ñuy lekk.» Noonu ñu wax
ko ne: «Fii déy, juróomi mburu rekk ak ñaari jën lanu am. Walla nu
dem jëndal mbooloo mi yépp lu ñuy lekk?» 14 Ndaxte foofu amoon
na ci xayma juróomi junniy góor. Noonu Yeesu ne taalibe yi:
«Toogloo leen mbooloo mi ci ay géewi juróom fukki nit.» 15 Noonu
ñu def loolu, toogloo ñépp. 16 Noonu Yeesu daldi jël juróomi mburu
yi ak ñaari jën yi; yékkëti bëtam yi ci asamaan, barkeel leen, damm
leen, te jox leen taalibe yi ngir ñu séddale leen mbooloo mi. 17 Ñépp
lekkoon nañu ba regg; ba ñu for ci fukki pañe ak ñaar yu fees dell ci
dagg yi desoon.

18 Benn bés Yeesu beddeeku, di ñaan. Taalibe yi nekkoon ci wetam.
Mu laaj leen: «Nit ñi kan lañuy wax ne moom la?» 19 Ñu tontu ko ne:
«Am na ñuy wax ne yaw yaay Yaxya, ñii ne yaw yaay Ilyaas, ñi ci
des, ne kenn ci yonent yu jëkk yi moo dekki.» 20 Mu laaj leen: «Yeen
nag, kan ngeen wax ne moom laa?» Piyeer tontu ko ne: «Yaw yaay
Almasi Yàlla bi.» 21 Yeesu dénk leen ndigal bii, ne: «Buleen ko wax
kenn.» 22 Mu yokk ca ne: «Fàww Doomu nit ki sonn lool. Noonu mag
ña, njiiti-jébbalkatu-sarax yi ak jàngalekatu-yoonu-Musaa yi dëddu
ko, rey ko, mu dekki ci ñetteelu fan ba.»

23 Mu wax leen ñoom ñépp ne: «Ku ma bëgga topp, na bàyyi
boppam, nangu daj lu metti, doora topp ci man. 24 Ndaxte ku bëgga
muccal sa bakkan dina ko ñàkk, waaye ku ñàkk sa bakkan ngir man
jotaat ko. 25 Lu muy jériñ nit su fekkee day moom àddina si yépp te

ñàkk bakkanam walla mu sànku? [26] Ku ma rusa seedeel te rusa
seede samay kàddu, Doomu nit ki dina la rusa xam bés bu ñëwee ci
màggaayam, ci màggaayu Baay bi ak bu malaaka yu sell yi. [27] Ci
dëgg, maa ngi leen koy wax, am na ñoo xam ne ñu ngi fii duñu dee
mukk te gisuñu nguuru Yàlla.»

### Màggaayu Yeesu feeñ na

[28] Lu tollook juróom ñetti fan gannaaw bi mu waxee kàddu yooyu,
Yeesu jël Piyeer, Yowaana, ak Saak, daldi yéeg ci tund wi ngir ñaan.
[29] Bi mu doon ñaan, xar kanamam soppeeku, yére yu mu soloon
weex tàll bay melax. [30] Ci saa si ñaari nit di waxtaan ak moom,
Musaa ak Ilyaas. [31] Ñu feeñu ci màggaayu Yàlla di wax ci demam li
mu wara matal ca Yerusalem. [32] Piyeer ak ñi mu àndaloon nelawoon
nañu waaye seeni nelaw xootul woon. Noonu ñu yeewu, gis
màggaayu Yeesu ak ñaar ñi nekkoon ak moom. [33] Bi ñooñu di
xaajaloo ak moom, Piyeer ne ko: «Kilifa gi, baax na ngir nu des fii.
Nanu def ñetti mbaar, benn ngir yaw, benn ngir Musaa, ak benn
ngir Ilyaas.» Xamul woon lu mu doon wax. [34] Bi mu nekkee di wax,
benn niir daldi ñëw, muur leen. Bi taalibe yi duggee ci niir bi, ñu
daldi tiit. [35] Noonu baat jóge ci niir bi, ne: «Kii mooy sama Doom.
Moom laa tànn. Dégluleen ko.» [36] Gannaaw bi baat bi waxee ba
noppi, Yeesu des fa moom kese. Ci jamono jooju taalibe yi noppi,
nettaliwuñu kenn li ñu gisoon.

### Yeesu wéral na benn xale bu am rab

[37] Ci ëllëg sa bi Yeesu, Piyeer, Yowaana ak Saak di wàcc ci tund wi,
mbooloo mu takku ñëw di dajesi ak Yeesu. [38] Ci diggu mbooloo mi,
am benn waay bu ñëw di yuuxu di naan: «Jàngalekat bi, maa ngi la
koy ñaan, xoolal ma sama doom, ndaxte kenn kii laa am. [39] Rab moo
ko jàpp, mu jekki di ko yuuxuloo, di ko sayloo, gémmiñam di fuur

te du ko bàyyi feek metital ko. [40] Ñaan naa sa taalibe yi ngir ñu dàq
rab bi, waaye mënuñu ko.» [41] Yeesu daldi jël kàddu gi te ne leen:
«Yeen niti jamono jii, ñi amul ngëm te dëng. Man, ba kañ laay nekk
ak yeen te di leen muñal?» Mu daldi wax waa ji: «Andil ma sa doom
bi fii.» [42] Bi xale bi di ñëw, rab bi daaneel ko ci suuf, sayloo ko.
Yeesu tëkku rab bi, wéral xale bi, te delloo ko pàppaam. [43] Ñépp
daldi jaaxle ndax màggaayu Yàlla.
Bu ñépp yéemoo ci li mu doon def, Yeesu ne taalibeem yi:
[44] «Ubbileen seeni nopp bu baax: Fàww ñu jébbal Doomu nit ki ci
loxoy nit ñi.» [45] Waaye kàddu yooyu leerul ci ñoom: ump na leen, te
mënuñu woona xam luy loolu di tekki, te ragal nañu laaj Yeesu lu
jëm ci kàddu yooyu.

## Kan moo gëna mag ci taalibe yi?

[46] Gannaaw loolu taalibe yi tàmbali di waxtaan ci seen biir ngir
bëgga xam kan moo gëna màgg ci ñoom. [47] Noonu Yeesu xam seeni
xalaatu xol, andi benn xale ci wetam, [48] ne leen: «Ku nangu xale bii
ci sama tur, man nga nangu; te ku ma nangu, nangu nga ki ma
yónni. Ndaxte ki gëna ndaw ci yeen ñépp, kooku moo gëna mag.»
[49] Noonu Yowaana tontu ko ne: «Kilifa gi, gis nanu benn waay buy
dàq ay rab ci sa tur waaye danu ko doon jéema tere ndaxte àndul
ak nun.» [50] Yeesu tontu ko ne: «Buleen ko tere ndaxte ku leen
xeexul, ci yeen la far.»

## Yeesu jëm na Yerusalem

[51] Bi bés bu ñu waroona yékkëti Yeesu asamaan jegesee, mu jël
ndogal ngir dem Yerusalem. [52] Noonu mu yónni ay ndaw ngir ñu
jiitu ko. Ci yoon bi, ñu dugg ci benn gox bu nekk ci diiwaanu Samari
ngir waajal ko fu mu mëna dal, [53] waaye waa gox boobu bañ koo
dalal ndaxte dafa doon dem Yerusalem. [54] Bi ñu gisee ne waa Samari

dañu leen baña dalal, Saak ak Yowaana laaj Yeesu ne: «Boroom bi,
ndax danga bëgg nu wax safaras asamaan si mu wàcc ci seen kaw
ngir lakk leen?» 55 Noonu Yeesu walbatiku ci ñoom, gëdd leen 56 te
ñu dem ci beneen gox.
57 Bi ñuy dem ci yoon bi benn waay ne Yeesu: «Boroom bi, dinaa la
topp foo mëna dem.» 58 Yeesu tontu ko ne: «Xaju àll yi am nañu ay
pax yu ñu dëkke; picc yi am nañu ay tagg, waaye Doomu nit ki amul
fu muy teg boppam ngir noppalu.» 59 Noonu Yeesu wax keneen ki
ne: «Topp ma.» Mu ne ko: «Boroom bi, may ma, ma dem suul sama
pàppa ba noppi.» 60 Yeesu ne ko: «Bàyyil ñi dee suul seeni néew
waaye yaw nga dem yégle nguuru Yàlla gi.» 61 Noonu keneen ne:
«Boroom bi, dinaa la topp waaye may ma, ma dem tàggooji ak sama
waa kër ba noppi.» 62 Yeesu ne ko: «Kuy bey di geestu, amuloo
njériñ nguuru Yàlla gi.»

## 10

### Yeesu yónni na juróom ñaar fukki taalibe yi ak ñaar

1 Gannaaw loolu Boroom bi tànn yeneen juróom ñaar fukk taalibe
ak ñaar, yónni leen ñaar ak ñaar ngir ñu jiitu ko ci dëkk yépp ak
béréb yépp yi mu naroona dem moom ci boppam. 2 Mu ne leen:
«Ngóob bi yaatu na waaye liggéeykat yi bariwuñu. Ñaanleen
Boroom ngóob bi ngir mu yónni ay liggéeykat ci ngóobam.
3 Demleen! Maa ngi leen di yónni ni ay mbote ci biir bukki. 4 Buleen
yóbbu kalpe walla saaku tukki walla dàll te buleen taxaw ci mbedd
bi di nuyu kenn. 5 Boo leen duggee ci kër, jëkkleen wax ne: "Na
jàmm wàcc ci kër googu," 6 su fa nitu jàmm nekkee, seen jàmm dina
wàcc ci moom. Ni ko moy jàmm ji dina dellusi ci yeen. 7 Desleen ci
kër googu, lekk te naan lu ñu leen di jox ndaxte liggéeykat bi yelloo
na peyooram. Buleen dem kër ak kër di ñaan ngir ñu dalal leen.

[8] Boo leen duggee ci dëkk ñu dalal leen, lekkleen lu ñu leen di won,
[9] te ngeen wéral ñépp ni nga xamante ne ñoo feebar te nekk fa. Te
waxleen ne: "Nguuru Yàlla gi jegesi na leen." [10] Waaye boo leen
duggee ci dëkk te nanguwuñu leen, génnleen dem ba ci péncu dëkk
bi te ngeen wax leen: [11] "Nu ngi faxas pënd bi takk ci sunuy tànk,
ngir mu doon seede ci yeen. Waaye xam leen ne: Nguuru Yàlla gi
jegesi na." [12] Maa ngi leen koy wax: Ci bésu àtte bi Sodom dina leen
tane.

[13] «Musiba dal na leen, yeen waa Korasin. Musiba dal na leen, yeen
waa Betsayda, ndax kéemaan yu ma def ci yeen su ma ko defoon ci
dëkku Tir walla ci dëkku Sidon, kon bu yàgg doon nañu sol ay saaku
di xëpp seen bopp dóomu taal ngir wone ne dañu tuub seeni
bàkkaar. [14] Looloo tax ci bésu àtte bi, Tir ak Sidon dinañu leen tane.
[15] Yeen waa Kapernawum, ndax xalaat ngeen ne dinañu leen
yékkëti ba ci kaw asamaan? Déedéet. Dinañu leen wàcce ba fi ñu
dee ñi nekk.» [16] Yeesu waxaat taalibeem yi ne: «Ku leen déglu, man
la déglu, te ku leen bañ, man la bañ, te ku ma bañ, bañ ki ma
yónni.»

[17] Bi juróom ñaar fukki taalibe yi ak ñaar dellusee ñu ànd ak bég te
wax Yeesu ne: «Boroom bi, bi nu doon woo sa tur, rab yi sax dañu
doon déggal.» [18] Yeesu ne leen: «Gis naa Seytaane daanu ci asamaan
ni melax di daanoo. [19] Xoolleen! Jox naa leen sañ-sañ ngir ngeen
dox ci jaan yi ak ci jiit yi te jox naa leen sañ-sañ ci bépp kàttanu
noon bi Seytaane, ba tax dara du leen def lu bon. [20] Maa ngi leen koy
wax, buleen bég ndaxte rab yi dañu leen déggal, waaye bégleen
ndax seen tur yi ñu bind ci asamaan.»

[21] Ci saa si, Xel mu Sell mi feesal Yeesu ak mbégte bu réy. Yeesu ne:
«Baay, yaw miy Boroomu asamaan ak suuf, sant naa la ndaxte yaw
yaa nëbb yëf yii boroom xam-xam yi ak boroom xel yi, te xamle ko

gone yi. Waaw Baay, def nga loolu ndaxte loolu moo la neex.
[22] Sama Baay jox na ma lépp. Te kenn xamul Doom bi ku dul Baay bi,
te kenn xamul Baay bi ku dul Doom bi ak ki ko Doom bi bëgga
xamle.» [23] Noonu mu walbatiku ne taalibe yi kese: «Barkeel ngeen
yeen ñi seen bët di gis li ngeen di gis, [24] ndaxte maa ngi leen koy
wax: yonent yu bari ak buur yu bari, bëggoon nañu gis li ngeen di
gis waaye gisuñu ko, te dégg li ngeen di dégg waaye dégguñu ko.»

### Léebu benn waa Samari bu baax

[25] Te noonu benn bés amoon na benn jàngalekatu-yoonu-Musaa
bu jóg ngir fexe fiir Yeesu. Mu ne ko: «Jàngalekat bi, lan laa wara
def ngir am dund gu dul jeex?» [26] Yeesu tontu ko ne: «Lan lañu bind
ci yoonu Musaa ak ban jàngat nga ci am?» [27] Mu ne ko: «*Nanga bëgg
Yàlla sa Boroom ak sa xol bi yépp, sa bakkan bépp, sa kàttan bépp ak sa
xel mépp* te *nga bëgg sa moroom ni nga bëgge sa bopp.*» [28] Yeesu ne ko:
«Wax nga dëgg. Defal loolu te dinga dund.» [29] Waaye jàngalekatu-
yoonu-Musaa bi bëgga jox boppam dëgg, mu ne ko: «Kan mooy
sama moroom?»

[30] Yeesu tontu ko ne: «Dafa amoon benn waay bu jóge woon
Yerusalem ngir dem Yeriko. Bi muy dem ci yoon bi ay bandi dogale
ko, futti ko, dóor ko ba mu bëgga dee, bàyyi ko ci yoon bi. [31] Benn
jébbalkatu-sarax jaar fa, gis waa ji, teggi ko, dem yoonam. [32] Benn
waay bu soqikoo ci giiru Lewi jaar fa, gis waa ji, teggi ko, dem
yoonam. [33] Waaye benn waay bu dëkk Samari, bi mu séenee waa ji,
mu yërëm ko, [34] jegesi ko, jël diwlin ak biiñ, faj góom yi, lëmës leen,
yéegal ko ci mbaamam, yóbbu ko ci bérébu fanaanukaay bi te di ko
toppatoo. [35] Ci ëllëg sa, mu yékkëti lu tollook peyooru benn fanu
liggéey, jox ko boroom fanaanukaay ba, ne ko: "Toppatool waa ji, te
loo ci yokk, bu ma dellusee man, dinaa la ko fey."»

[36] Noonu Yeesu laaj jàngalekatu-yoonu-Musaa bi ne: «Kan ci ñett

ñooñu moo wone woon ne mooy moroomu waa ji bandi yi dogale
woon?» [37] Mu tontu ko ne: «Xanaa ki amoon yërmande ci moom.»
Yeesu ne ko: «Demal te nga def ni moom.»

### Màrt ak Maryaama dalal nañu Yeesu

[38] Yeesu ak taalibe yi doon nañu tukki, dem ba yegg ci benn dëkk,
fekk fa benn jigéen bu ñuy wax Màrt. Mu dalal leen ci këram.
[39] Amoon na rakkam bu tudd Maryaama. Mu ñëw, toog ci wetu
Yeesu di déglu jàngaleem. [40] Màrt féete woon liggéeyu kër gi yépp.
Màrt ñëw, ne ko: «Boroom bi, ndax defu la dara, sama rakk bàyyee
ma liggéey bi yépp? Ndax doo ko wax mu ñëw jàppale ma?»
[41] Boroom bi tontu ko ne ko: «Màrt, Màrt, yaa ngi jaxasoo ak di
jaaxle ci mbir yu bari, [42] waaye benn mbir rekk moo am solo, te
Maryaama tànn na ko ba noppi, te kenn du ko jël ci moom.»

## 11

### Yeesu jàngal na taalibeem yi ni ñuy ñaane

[1] Benn bés Yeesu doon ñaan ci benn béréb. Bi mu ñaanee ba noppi,
benn ci taalibeem yi ne ko: «Boroom bi, ndax doo nu jàngal ni nuy
ñaane, ni ko Yaxya jàngale ay taalibeem?» [2] Yeesu ne leen: «Bu
ngeen di ñaan, waxleen lii:

Baay, na ñépp yékkëti sa tur,
na sa nguur ñëw,
[3] may nu li nuy dunde bés bu nekk,
[4] te baal nu sunuy bàkkaar
ndaxte nun tamit nu ngi baal ñi nu tooñ,
te bul bàyyi Seytaane fiir nu.»

[5] Noonu mu yokk ca ne: «Bu fekkee kenn ci yeen dafa am xarit, mu

dem ci moom xaaju guddi te wax ko ne: "Sama xarit, lebal ma ñetti
mburu 6 ndaxte dama am sama beneen xarit bu jóge ci tukki, dal
sama kër te awma dara lu ma ko jox." 7 Ki ci biir dina ko tontu ne:
"Bul ma sonal. Tëj naa sama bunt te tëdd naa ak sama njaboot ba
noppi. Mënuma jóg ngir jox la mburu yi." 8 Maa ngi leen koy wax,
bu dul li mu nekk xaritam sax moo tax mu jóg te jox ko ko, waaye
dina jóg, jox ko lépp li mu soxla ndax ni mu ko doon sonale ci ñaan
bi.

9 «Te man, maa ngi leen di wax: ñaanleen, ñu may leen. Seetleen
te dingeen gis. Fëggleen, ñu ubbil leen. 10 Ndaxte ku ñaan, ñu may
la. Ku seet, dinga gis. Te ku fëgg, ñu ubbil la. 11 Ban baay ci yeen,
moom lay doomam di ñaan jën, mu jox ko jaan; 12 walla mu ñaan ko
nen, mu jox ko jiit? 13 Yeen ñu bon ñi, segem yeena mëna jox seen
doom lu baax, rawatina Baay bi ci asamaan ndax du jox Xel mu Sell
mi ñi ko koy ñaan?»

### Yeesu dàq na benn rab te jàngal mbooloo mi

14 Benn bés Yeesu dàq benn rab bu muumaloo woon benn waay. Bi
rab bi génnee, waa ji tàmbali di wax. Mbooloo mi yépp yéemu,
15 waaye ñenn ñi di wax ne: «Ci kàttanu Beelsebul mi di buuru rab yi
lay dàqe rab yi.» 16 Te ñeneen ñi di ko fexe fiir; laaj ko kéemaan buy
firndeel ne ci asamaan lay jële kàttanam. 17 Waaye Yeesu xam seeni
xalaat ne leen: «Bépp nguur bu xaajaloo ci biiram dina tas, te kër yi
bu ci nekk di maab ci moroomam. 18 Bu Seytaane di xeex boppam,
naka la nguuram mëna yàgge, ndaxte yeena wax ne ci kàttanu
Beelsebul laay dàqe rab yi. 19 Te man su fekkee ci kàttanu Beelsebul
laay dàqe rab yi; kon seeni taalibe ci ban kàttan lañuy dàqe rab yi?
Moo tax ñoom ci seen bopp ñoo leen di àtte. 20 Waaye su fekkee ci
kàttanu Yàlla laay dàqe rab yi, kon nguuru Yàlla gi yegsi na ci yeen.
21 Su fekkee ne dafa am ku am doole te yor gànnaayam te aar këram

alalam day nekk ci kaaraange. [22] Waaye ku ko ëpp doole bu nëwee
daan ko dina jël gànnaay yi mu yaakaaroon te séddale alalam. [23] Ku
farul ci man, yaa ngi may xeex; ku dajalewul ak man, yaa ngi
tasaare.

[24] «Bu rab génnee ci nit, day wër ci màndiŋ bi ngir wut fu muy
noppaloo. Bu ko amul dina wax ne: "Xaaral, ma dellu ci sama kër bi
ma jóge woon." [25] Bu yegsee, fekk ñu bale kër gi, defar ko ba mu
jekk. [26] Mu daldi dem woowi juróom ñaari rab yu ko gëna soxor, ñu
dugg, dëkk fa. Noonu, melokaanu nit kooku mooy gëna yées na mu
meloon bu jëkk.»

[27] Bi Yeesu di wax loolu benn jigéen ci biir mbooloo mi yékkëti
baatam, ne ko: «Barkeel na, jigéen bi la jur te nàmpal la ci
weenam.» [28] Yeesu daldi ko tontu ne: «Neel kay, barkeel na, ki nga
xam ne day déglu kàddu Yàlla gi te di ko jëfe.»

[29] Naka la mbooloo mi di gën di takku Yeesu tàmbali di wax ne:
«Niti jamono jii, dañoo bon. Nu ngi laaj benn màndarga, waaye
duñu leen jox benn, bu dul màndargay Yunus bi, [30] ndaxte ni Yunus
nekke woon màndarga ci waa dëkku Niniw, noonu Doomu nit ki
dina nekk màndarga ci niti jamono jii. [31-32] Te ci bésu àtte ba waa
Niniw dinañu jóg ngir tuumaal niti jamono jii, ndaxte bi ñu déggee
waare Yunus ba, tuub nañu seen bàkkaar. Te xoolleen! Ku sut
Yunus mu ngi fii. Ci bésu àtte ba tamit buur bu jigéen ba dëkkoon ci
sudd dina jóg tuumaal niti jamono jii, ndaxte jóge woon na fu sori
ngir déglu waxu Suleymaan yu rafet yi. Te xoolleen! Ku sut
Suleymaan mu ngi fii.»

## Yeesu jàngal na Farisen yi ne dañoo wara setal lu nekk ci seen biir

[33] «Kenn du taal làmp ba noppi di ko nëbb walla nga di ci dëpp
leket, waaye dañuy koy wékk ngir ñiy dugg mëna gis leer bi. [34] Sa

bët mooy sa làmp-yaram: bu sa bët baaxee sa yaram wépp ay nekk
ci leer. Waaye bu sa bët bonee sa yaram yépp ay nekk ci lëndëm.
[35] Moytul nag leer bi nekk ci yaw doon lëndëm. [36] Kon nag bu sa
yaram bi yépp nekkee ci leer, te amul sa benn cér bu nekk ci
lëndëm, dangay nekk ci leer mel ni ku làmp ne ràyy ci kawam.»

[37] Bi Yeesu di wax loolu, benn Farisen ñaan ko ngir mu lekksi ci
këram. Mu yegsi, toog ngir lekk. [38] Bi Farisen bi gisee Yeesu di lekk
te raxasul loxoom yi, ni ko aada Yawut yi diglee, mu daldi jaaxle.
[39] Boroom bi ne ko: «Yeen Farisen yi dangeen tàmm di raxas ci biti
kaas bi ak bu ndab li, te seen biir xol mu ngi fees ak soxor ak
yeneen jëf yu bon. [40] Yeen ñu ñàkk xel yi, ndax xamuleen ne, ki sàkk
li nekk ci biti, moo sàkk tamit li nekk ci biir? [41] Saraxeleen li nekk ci
seen biir xol te seen lépp dina set.

[42] «Waaye musiba dal na leen yeen Farisen yi, ndaxte dangeen di
sàkk asaka ci xeetu safal bu nekk maanaam: naana ak ru ak ci lujum
bu nekk te di sàggane li ëpp solo, maanaam: njubte ak mbëggeelu
Yàlla. Loolu ngeen wara def te baña sàggane li ci des. [43] Musiba dal
na leen yeen Farisen yi, ndaxte dangeen tàmm di toog ci toogukaay
yi féete kanam, ci kër-ñaan yi, te di bëgg ñu leen di nuyu ak ñaari
loxo ci péncu dëkk bi. [44] Musiba dal na leen, ndaxte dangeen mel ni
ay bàmmeel yu amul xàmmikaay; nit ñi di dox ci kaw seeni
bàmmeel te duñu ko xam.»

[45] Benn jàngalekatu-yoonu-Musaa wax ko ne: «Jàngalekat bi, soo
waxee loolu danga nuy xas nun itam.»

[46] Yeesu tontu ko ne ko: «Musiba dal na leen yeen jàngalekati-
yoonu-Musaa yi itam, ndaxte dangeen di sas nit ñi ay jëf yu diis
waaye, yeen dungeen ci nangoo laal seen catu baaraam. [47] Musiba
dal na leen ndaxte yeenay tabax ay bàmmeel ngir Yonent yi seen
maam reyoon. [48] Sungeen di def loolu dangeen di wone ne ànd

ngeen ci jëf yi seeni maam defoon, ndaxte ñoom ñoo rey yonent yi,
te yeen, ngeen di tabax seeni bàmmeel. [49] Moo tax Yàlla ci xelam bu
rafet wax na ne: "Dinaa leen yónnee ay yonent ak ay ndaw. Dinañu
rey ñenn ñi te fitnaal ñeneen ñi." [50] Ni loolu ame, Yàlla dina këpp ci
niti jamono jii deretu yonent yi yépp ñu reyoon ba àddina sosoo ba
léegi. [51] Dale ko ci deretu Abel ba ci deretu Sakari mi ñu reyoon ci
diggante bérébu saraxlukaay bi ak béréb bu sell bi. Waaw maa ngi
leen koy wax, dinañu këpp deretu yonent yi ñu reyoon ci kaw niti
jamono jii.

[52] «Musiba dal na leen yeen jàngalekati-yoonu-Musaa yi ndaxte
dangeena téye caabi xam-xam bi; dugguleen te di tere ñi bëgga
dugg, ñu dugg.»

[53] Bi Yeesu génnee ci béréb boobu jàngalekati-yoonu-Musaa yi ak
Farisen yi di ko sonal te di ko laaj ci ay mbir yu bari [54] di wut
njuumte ci ay kàddoom ngir jëfandikoo ko.

## 12

### Yeesu artu na taalibeem yi

[1] Ci waxtu bi Yeesu di wax loolu Farisen yi, ay junni junniy nit
dajaloo nañu bay dëggante. Yeesu jëkka wax taalibeem yi ne:
«Moytuleen lawiiru Farisen yi, maanaam seen jikkoy naaféq. [2] Lépp
lu nëbbu dina feeñ te lépp luy kumpa dinañu ko xamle, [3] moo tax
lépp lu ngeen mën di wax ci guddi gi, dinañu ko dégg bëccëgu
ndarakàmm te lépp lu ngeen déeyante ci néeg yi, dinañu ko yégle
ci kaw kër yi.

[4] «Maa ngi leen koy wax, yeen samay xarit: buleen ragal ñiy rey
yaram te gannaaw loolu dootuñu mëna def dara. [5] Dinaa leen won
kan ngeen wara ragal! Ragalleen ki nga xamante ne gannaaw dee,
am na sañ-sañu sànni leen ci safara. Waaw, maa ngi leen koy wax,

kooku ngeen wara ragal. 6 Ndax duñu jaaye juróomi picci ramatu ci
ñaari dërëm? Moona Yàlla fàttewul benn ci ñoom. 7 Te yeen seeni
kawaru bopp sax waññ nañu leen. Buleen ragal dara ndaxte yeena
ëpp solo mbooloo picci ramatu.
8 «Maa ngi leen di waxaat ne, ku ma nangu ci kanamu nit ñi,
Doomu nit ki dina la nangu ci kanamu malaakay Yàlla ji, 9 waaye ku
ma weddi ci kanamu nit ñi, Doomu nit ki dina la weddi ci kanamu
malaakay Yàlla ji. 10 Ku waxal Doomu nit ki lu bon, dinañu la ko
baal, waaye ku sosal Xel mu Sell mi, duñu la ko mësa baal. 11 Bu ñu
leen yóbboo ci kanamu kër-ñaan yi ngir àtte leen ak ci kanamu
kilifa yi ak ci kanamu àttekat yi, buleen jaaxle ci anam bi ngeen
wara waxe ak ci li ngeen wara wax ngir setal seen der 12 ndaxte Xel
mu Sell mi dina leen xamal li ngeen wara wax ci waxtu boobu.»

## Léebu waa ju ñàkk xel ji

13 Amoon na ci biir mbooloo mi, benn waay bu wax Yeesu ne:
«Jàngalekat bi, ndax doo wax sama mag mu sédd ma ci alalu ndono
fi nu sunu baay bàyyeel?» 14 Yeesu ne ko: «Sama waay, kan moo ma
fal àttekat ngir ma séddale seen alalu ndono?» 15 Noonu mu ne leen
ñoom ñépp: «Moytuleen bëgge, ndaxte bakkanu doomu Aadama
ajuwul ci alalam ak lu mu bari-bari.»
16 Noonu mu wax leen léeb bii: «Dafa amoon benn waay bu am alal,
bu toolam meññoon lu bari. 17 Mu wax ci xelam: "Naka laay def?
Ndaxte amatuma sax béréb bu mëna denc sama ngóob yi." 18 Noonu
mu ne: "Waaw, xam naa li ma wara def. Damay daaneel sàq yii,
defaraat yeneen sàq yu gëna réy, def ci sama ngóob yi ak sama alal
yépp, 19 te dinaa wax ci sama xel: 'Sama waay am nga alal ngir diiru
at yu bari. Noppalul, ngay lekk di naan tey bànneexu.'" 20 Waaye
Yàlla ne ko: "Yaw mi ñàkk xel, tey ci guddi sax dinaa jël sa bakkan.
Kon li nga doon dajale lépp, ku koy moom?"» 21 Yeesu teg ca ne:

«Loolu mooy dal képp kuy dajale alal ngir boppam te amoo alal ci
kanamu Yàlla.»

### Nit war na wóolu Yàlla

[22] Noonu Yeesu ne taalibeem yi: «Lii moo tax maa ngi leen koy
wax, buleen jaaxle ci seeni dund, ci li ngeen wara lekk walla ci
seeni yaram, li ngeen wara sol [23] ndaxte dund moo ëpp solo lekk te
yaram moo ëpp solo yére. [24] Xoolleen picci baaxoñ yi: duñu ji, duñu
góob, amuñu dencukaay, amuñu sàq, waaye Yàlla mu ngi leen di
dundal. Yeena ëpp solo fuuf picc yi. [25] Kan ci yeen moo mëna jaaxle
ba yokk ab diir ci dundam? [26] Su fekkee lu tuuti loolu mënuleen ko,
lu tax ngeen di jaaxle ci li ci des?
[27] «Xoolleen tóor-tóori ñax mi, ni muy saxe: duñu liggéey, duñu
ràbb ay yére. Maa ngi leen koy wax, buur bi Suleymaan sax, ci
alalam yépp, li mu doon mëna solu yépp, mësul soloo ni benn ci
ñax yooyu. [28] Su Yàlla solalee nii ñax yi nekk ci tool yi tey, te bu
subaa ñu sànni ko ci taal, ndax du leen gëna solal yeen, yeen daal
yeena tuuti ngëm? [29] Buleen wut li ngeen wara lekk walla li ngeen
wara naan te buleen ci jaaxle [30] ndaxte loolu lépp xeeti àddina yi
xamul Yàlla ñoo koy wut, waaye seen Baay xam na ne soxla ngeen
ko.
[31] «Wànte wutleen nguuru Yàlla te Yàlla dina leen jox li ci des.
[32] Buleen ragal dara yeen ñi mel ni gétt gu ndaw, ndaxte seen
coobare Baay la, mu jox leen nguuram. [33] Jaayleen seen alal, séddale
ko néew-di-doole yi, defarleen kalpe yu dul yàqu te noonu dingeen
am alal bu dul jeex ci asamaan fu sàcc dul dugg jot ko, ak fu ko max
dul yàqe [34] ndaxte fu sa alal nekk foofu la sa xol di nekk itam.»

### Taalibe Yeesu dafa wara wóor tey moytu

[35] Yeesu waxaat taalibe yi ne: «Takkuleen seen ndigg yi te seeni

làmp wéy di tàkk, [36] mel ni surga yuy xaar seen njaatige jóge ci céet.
Noonu bu yegsee rekk te fëgg, ñu mën koo ubbil. [37] Barkeel nañu,
yooyu surga, yi nga xam ne seen njaatige, bi muy yegsi, fekk na
leen ñuy xoole. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, njaatige bi dina
takku ndiggam, toogloo leen, te jegesi leen ngir jox leen ñu lekk.
[38] Buy yegsi ci xaaju guddi walla sax bi fajar di waaja jot, li ëpp solo
mooy mu fekk leen ñuy xoole. Ñooñu barkeel nañu. [39] Xamleen bu
baax ne boroom kër gi bu xamoon ban waxtu la sàcc bi di ñëw,
doon na xoole ngir tere ko mu dugg këram. [40] Yeen tamit
fagaruleen ndaxte Doomu nit ki dina ñëw ci waxtu bi ngeen ko
foogewul.»
[41] Piyeer ne ko: «Boroom bi, ndax léeb bi nun doŋŋ nga ko jagleel,
walla ngir ñépp la?» [42] Te Boroom bi tontu ko ne: «Kan mooy surga
bu wóor tey moytu? Moom la njaatigeem di tànn ngir mu jiite
yeneen surga yi ngir ñuy lekk ci waxtu bi gën. [43] Barkeel na boobu
surga nga xam ne, bi njaatigeem di yegsi fekk na muy jëfe noonu.
[44] Ci dëgg maa ngi leen koy wax, njaatige bi dina teg alalam yépp ci
ay loxoom. [45] Waaye su surga bi di wax ci xelam ne: "Sama njaatige
dina yéexa ñëw," te mu tàmbali di dóor yeneen surga yu góor yi ak
yu jigéen yi te di lekk ak naan sàngara ba màndi, [46] njaatige surga
boobu dina ñëw ci bés bi mu ko foogewul ak ci waxtu wu mu xamul.
Noonu dina ko tas te boole wàllam ak ñi gëmul Yàlla. [47] Surga boobu
xam bëgg-bëggu njaatigeem te waajul dara, deful dara itam ni mu
ko bëgge, dinañu ko dóor ay yar yu bari. [48] Waaye ki nga xam ne
xamul woon bëgg-bëggu njaatigeem te def ay yëf yu jar dóor,
dinañu ko dóor ay yar yu tuuti. Dinañu laaj lu bari ki ñu jox lu bari,
te dinañu sas lu bari ki ñu dénkoon lu bari.
[49] «Damaa ñëw taalsi xal ci suuf si te bëggoon naa lool xal boobu
tàkk léegi. [50] Am na sóob bu ñu ma wara sóob, te duma am jàmm

feek matul. [51] Xalaat ngeen ne damaa ñëw ci suuf si ngir indi jàmm?
Déedéet, maa ngi leen koy wax; waaye xaajaloo. [52] Ndaxte dale ko
tey juróomi nit ñu nekk ci kër dinañu xaajaloo, ñett ñi xaajaloo ak
ñaar ña te ñaar ñi xaajaloo ak ñett ña. [53] *Baay dootul juboo ak doomam
bu góor te doom bu góor dootul juboo ak baayam. Yaay dootul juboo ak
doomam bu jigéen te doom bu jigéen dootul juboo ak yaayam. Goro bu
jigéen dootul juboo ak jabaru doomam te jabaru doom dootul juboo ak
goroom bu jigéen.*»
[54] Noonu Yeesu yokk ca, ne mbooloo mi: «Sungeen gisee xiin di
jóge ci sowu jant, dangeen di wax ci saa si ne taw baa ngi ñëw te
noonu lay yegsee. [55] Te sungeen yégee ngelaw bu jóge ci sudd,
dangeen di wax ne dina tàng te noonu lay xewe. [56] Naaféq yi!
Dangeen di mëna ràññee liy xew ci suuf si ak ci asamaan si. Lu tax
ba mënuleen ràññee li xew ci jamono jii?»
[57] «Lu tax dungeen àtte yeen ci seen bopp lu jub? [58] Boo amee noon
te ngeen am jafe-jafe tey waaja dem ci kër àttekaay bi, fexeel ba
ngeen juboo ci bi ngeen nekkee ci yoon bi, ndaxte boo ko deful dina
la yóbbu ci kanamu àttekat bi. Bu la àttekat bi àttee ba noppi, dina
la teg ci loxoy takk-der yi, te takk-der yi dinañu la tëj ci kaso bi, [59] te
doo fa génn feek feyuloo lépp ba mu jeex, ba ci fiftin bi mujje.»

## 13

### Ku tuubul bàkkaaram, sànku

[1] Ci waxtu yooyu mu am ñu ñëw yégal Yeesu naka la Pilaat reyloo
woon ay nit yu dëkk Galile ci waxtu bi ñu doon jébbal Yàlla sarax.
Seen deret daldi jaxasoo ak deretu mala yi ñu doon rendi. [2] Yeesu
tontu leen ne leen: «Ndax xalaat ngeen ne ñooñu ñoo ëpp bàkkaar
ñeneen ñépp ñi dëkk Galile ba ñu rey leen ci anam bu ñaaw boobu?
[3] Déedéet, maa ngi leen koy wax. Waaye sungeen tuubul seeni

bàkkaar dingeen sànku ni ñooñu.» 4 Noonu mu waxaat leen ne:
«Ndax fàttaliku ngeen fukki nit ak juróom ñett yi dee woon ndaxte
tabax bu réy te kawe bi nekkoon Silowe, dafa daanu woon seen
kaw; ndax xalaat ngeen ne ñooñu ñoo ëpp bàkkaar ñeneen ñépp ñi
dëkk Yerusalem? 5 Déedéet, maa ngi leen koy wax. Waaye sungeen
tuubul seeni bàkkaar dingeen sànku ni ñooñu.»
6 Ci loolu Yeesu wax leen léeb bii: «Benn waay amoon na garabu
figg ci toolam. Benn bés mu ñëw ngir witt ci meññeefu garab gi
waaye gisu fa dara. 7 Noonu mu ne surgaam bi: "Ñetti at a ngi nii
may ñëw ngir witt ci meññeefu garab gi waaye duma fi fekk dara.
Dagg ko. Lu tax muy feesal tool bi te amul njériñ?" 8 Waaye surga bi
tontu ko ne ko: "Sama njaatige, may ko at bii. Dinaa ko gas te sotti
ci tos, 9 xéy-na dina meññ ci at bi di ñëw. Lu ko moy, nga daggalu
ko."»

### Yeesu wéral na benn jigéen ju xuuge ci bésu noflaay bi

10 Benn bésu noflaay Yeesu da doon jàngale ci biir benn kër-ñaan.
11 Foofu amoon na benn jigéen. Rab moo ko taxoon xuuge diiru
fukki at ak juróom ñett ba mënul woona siggi. 12 Bi ko Yeesu gisee
mu woo ko wax ko ne: «Soxna si yewwi nañu la, ci sa laago.»
13 Noonu mu teg ko loxoom yi. Ci saa si soxna si daldi siggi te jub
xocc, di màggal Yàlla.
14 Noonu njiitu kër-ñaan bi daldi fees dell ak mer ci li Yeesu doon
faje ci bésu noflaay bi. Mu jël kàddu gi, wax mbooloo mi: «Am na
juróom benni fan yu ñu wara liggéey, kon ñëwleen ci bés yooyu
ngir faju waaye bu mu doon ci bésu noflaay bi.»
15 Boroom bi tontu ko ne: «Yeen naaféq yi! Kenn ku nekk ci yeen
bu amee nagam walla mbaamam ndax du ko dem yewwi ci bésu
noflaay bi ngir yóbbu ko mu naani? 16 Te jigéen jii bokk ci askanu
Ibraayma, Seytaane tënk ko ci diiru fukki at ak juróom ñett, ndax

waruñu ko yewwi ci bésu noflaay bi?»
[17] Bi Yeesu di wax loolu, bañaaleem yi daldi rus waaye mbooloo mi
ànd ak mbégte ci jëf yu yéeme yi mu doon def.

### Léebu doomu fuddën bi ak léebu lawiir bi

[18] Yeesu daldi ne: «Lan la nguuru Yàlla gi di nirool ak lan laa koy
méngaleel? [19] Dafay mel ni doomu fuddën bu benn waay jël, ji ko ci
toolam. Mu sax doon garab. Picci asamaan si ñëw, ràbb seeni tàgg
yi ci bànqaas yi.» [20] Mu waxaat ne: «Lan laay méngalee ak nguuru
Yàlla gi? [21] Dafay mel ni lawiir bu benn jigéen jël, jaxase ko ci ñaar
fukki kilo fariñ ba lépp funki.»

### Bunt bu xat bi

[22] Yeesu doon jàll dëkk yi ak ci gox-goxaat yi jëm Yerusalem te mu
doon jàngale ci yoon bi. [23] Mu am kenn ku ko laaj ne: «Boroom bi
ndax nit ñu néew ñooy mucc?» Yeesu wax leen ne: [24] «Maa ngi leen
koy wax, góor-góorluleen ngir dugg ci bunt bu xat bi, ndaxte ñu
bari dinañu fa jéema dugg te duñu ko mën. [25] Bu boroom kër gi
jógee tëj buntam ak caabi te ngeen des ci biti, dingeen tàmbali di
fëgg di wax ne: "Boroom bi ubbil nu!" Su boobaa dina leen tontu
ne: "Xamuma fan ngeen jóge." [26] Te dingeen waxaat ne: "Lekkandoo
nañu ak yaw te naanandoo ak yaw, te jàngale nga ci sunu péncu
dëkk yi." [27] Bu booba dina leen tontu, wax ne: "Xamuma fan ngeen
jóge. Sorileen ma, yeen ñépp ñiy def lu jubadi." [28] Foofu la jooy di
ame ak yéy seeni bëñ, bu ngeen gisee seeni maam Ibraayma, Isaaxa,
Yanqóoba ak yonent yi yépp ci nguuru Yàlla gi; waaye yeen dinañu
leen sànni ci biti. [29] Nit ñu bari dinañu jóge ci penku, ci sowu, ci
nord ak ci sudd ngir lekkandoo ak ñoom ci xew bi ci nguuru Yàlla
ga. [30] Te noonu ñi mujje dinañu jiitu, te ñi jiitu dinañu mujje.»

### Yàqutewu Yerusalem

31 Noonu mu am ay Farisen yu ñëw wax Yeesu ne: «Jógeel fii, nga
dem feneen ndaxte Erodd mu ngi lay bëgga rey.» 32 Yeesu tontu
leen ne: «Demleen ngeen waxal ma xaju àll boobu ne: "Xoolal!
Damay dàq rab yi te wéral ñi feebar tey ak suba, te ci ñetteelu fan
bi ma matal sama liggéey." 33 Waaye fàww ma dem tey, suba ak
gannaaw suba ndaxte jaaduwul ñu reye yonent feneen fu dul
Yerusalem.

34 «Aa Yerusalem, Yerusalem, yaw miy rey yonent yi tey sànni ay
xeer ñi la Yàlla yónnee ba ñu dee. Ñaata yoon ma bëgga dajale say
doom, ni ginaar di dajalee ay cuujam te muur leen ak ay laafam,
waaye yeen bëgguleen ko! 35 Moo tax Yàlla dina leen bàyyee seen
dëkk. Maa ngi leen koy wax, dootuleen ma gis ba bés bi ngeen di
wax ne: *"Barkeel na kiy ñëw ci turu Boroom bi."*»

## 14

### Yeesu ci kër Farisen

1 Benn bésu noflaay, amoon na kenn ci njiitu Farisen yi bu waxoon
Yeesu ngir mu ñëw lekk ci këram. Noonu ñi toogandoo woon ak
moom ci bérébu lekkukaay bi, di ko bàyyee xel. 2 Foofu, amoon na
benn waay bu amoon feebar bu doon newwil ay tànkam. Mu ñëw ci
kanamu Yeesu. 3 Yeesu jël kàddu gi ne jàngalekatu-Yoonu-Musaa yi
ak Farisen yi: «Ndax yoonu Musaa maye na ngir ñuy wéral ci bésu
noflaay bi?» 4 Waaye kenn amul woon lu mu koy tontu. Noonu
Yeesu teg loxo waa ji, wéral ko, wax ko mu ñibbi. 5 Noonu Yeesu ne
leen: «Kan ci yeen la doomam walla nagam di daanu ci biir teen te
du ko dindi ni mu gëna gaawe bu doon sax ci bésu noflaay bi?»
6 Waaye kenn amul woon tontu ci loolu.

7 Yeesu gis ni gan yi doon tànne toogukaay yi féete kanam. Noonu

mu wax leen léeb bii: [8] «Su ñu la woowee ci céet, bul tànn
toogukaay yi féete ci kanam ndaxte amaana ne am na ku la ëpp
solo ku ñu woo [9] te ki leen woo yeen ñaar dina ñëw te ne la:
"Bàyyeel ko toogukaay bii." Noonu dinga rusa dem ci toogukaay yi
féete ci gannaaw. [10] Waaye su ñu la woowe ci céet, nanga tànn
toogukaay yi féete ci gannaaw. Bu boroom céet bi ñëwee dina la ne:
"Sama xarit, ñëwal ci toogukaay yi féete ci kanam." Bu boobaa,
dinañu la sargal ci kanamu gan yi yépp. [11] Ndaxte ku yékkëtiku
dinañu la suufeel te ku suufeelu dinañu la yékkëti.»
[12] Noonu Yeesu daldi ne ki ko woo woon mu lekk, ne ko: «Booy
woote añ walla reer, bul woo say xarit, say mag ak rakk, mbokk yi
ak dëkkandoo yu am alal yi, ndaxte ñoom tamit mën nañu ko def
ngir delloo la sa coono. [13] Waaye booy woote lekk, ñii nga wara woo:
ñi néew doole, làggi yi, lafañ yi, ak gumba yi, [14] ndaxte ñoom
mënuñu la koo delloo te noonu dinga barkeel te Yàlla dina la ko fey
bés bi ñu jub ñi di dekki.»
[15] Bi mu déggee wax yooyu, kenn ci ñi bokkandoo woon ak Yeesu
di lekk wax ko ne: «Kuy lekk ci nguuru Yàlla barkeel nga.» [16] Noonu
Yeesu tontu ko ak léeb bii: «Dafa amoon benn waay bu togglu woon
ñam wu bari, mu woo woon nit ñu bari. [17] Ci waxtu reer, mu yónni
surga bi ngir mu dem ne leen: "Ñëwleen ndaxte léegi lépp sotti na."
[18] Waaye ñu tàmbali di jéggalu ñoom ñépp. Nit ku jëkk ki ne:
"Damaa jënd tool, fàww ma dem gis ko. Ñaan naa la ko, jéggal ma
ko." [19] Ñaareelu nit ki ne: "Damaa jënd fukki nag, fàww ma dem,
tàggat leen. Ñaan naa la ko, jéggal ma ko." [20] Ñetteelu nit ki ne:
"Damay dooga takk soxna, moo tax duma mëna ñëw." [21] Noonu
surga bi dem, wax njaatige bi loolu lépp. Njaatige bi daldi mer, ne
surgaam: "Gaawal nga dem ci péncu dëkk bi ak mbedd yi, nga andil
ma ñii: néew-ji-doole yi, làggi yi, gumba yi ak lafañ yi." [22] Ci diir bu

gàtt mu dellusi ne ko: "Njaatige bi, def na lépp li nga ma wax waaye
ba léegi taxul kër gi fees." [23] Njaatige bi ne ko: "Génnal dëkk bi, dem
ci mbedd yi ak yoonu àll yi te nga fexe, nu nit ñiy ñëwe, ba kër gi
fees dell [24] ndaxte maa ngi leen koy wax: kenn ci ñi ma jëkkoona
woo du mos ci sama lekk bi."»

### Nit ku bëgga topp Yeesu war na bàyyi lépp

[25] Benn bés Yeesu doon tukki. Mbooloo mu takku àndoon na ak
moom. Noonu mu walbatiku ne leen: [26] «Képp kuy ñëw ci man,
dangaa wara bàyyi sa baay, sa yaay, sa jabar, say doom, say mag ak
say rakk, ak sa dund sax. Lu ko moy doo mëna nekk sama taalibe.
[27] Fàww nga déggal ma ba ma jaral la ñu daaj la ci bant te topp ci
man, lu koy moy, doo mëna nekk sama taalibe.

[28] «Kenn ci yeen bu bëggee tabax kër gu kawe, ndax du toog xalaat
ñaata la koy dikke, ngir xam li mu am ci xaalis ndax dina mëna
matal liggéey bi? [29] Lu ko moy dina tàmbali teg fondamaa waaye du
ko mëna yeggali. Su boobaa, ñépp ñi gis loolu dinañu ko ñaawal
[30] tey wax ne: "Kii déy, tàmbali na tabax waaye mënula yeggale."

[31] «Walla su fekkee dafa am benn buur, bu wara dem xare ak
beneen buur ndax du toog xalaat, ndax ak fukki junni xarekat,
ndax dina mëna jaamaarloo ak beneen buur bi yor ñaari fukki junni
xarekat? [32] Lu ko moy ci waxtu wi buur boobu di soreegul na ko
yónnee ay ndaw, ngir ñu waxtaan ngir déggoo ci jàmm. [33] Te noonu
nag, ku nekk ci yeen bu bàyyiwul am-amam yépp du mëna nekk
sama taalibe.

[34] «Xorom déy, lu am solo la, waaye su ñàkkee cafkaam naka lañu
koy mëna sàppalee? [35] Dootul am njériñ ci suuf si te dootul mëna
nekk sax tos. Dinañu ko sànni ci biti. Na ki am nopp ngir déglu,
dégg.»

# 15

## Léebu doom ju réer ji

[1] Benn bés, juutikat yi ak bàkkaarkat yi, ñoom ñépp jegesi nañu
Yeesu ngir déglu ay njàngaleem. [2] Farisen yi ak jàngalekatu-yoonu-
Musaa yi di xuntu, di wax ne: «Kii day dalal bàkkaarkat yi te di
lekkandoo ak ñoom.» [3] Noonu Yeesu tontu leen ak léeb bii: [4] «Bu
kenn ci yeen amee téeméeri xar te benn bi réer, ndax du bàyyi
juróom ñeent fukk ak juróom ñeent yi ci àll bi te mu wëri bi réer ba
gis ko? [5] Bu ko gisee dina ànd ak mbégte, teg ko ci mbaggam yi [6] te
yóbbu ko këram, mu woo ay xaritam ak dëkkandoom yi te ne leen:
"Kaayleen bànneexu ak man ndaxte gis naa sama xar bi réeroon."
[7] Noonu tamit maa ngi leen koy wax: Mbégte miy am ci asamaan bu
benn bàkkaarkat tuubee bàkkaaram, moo ëpp mbégte mi am ci
juróom ñeent fukk ak juróom ñeent ñu jub te soxlawuñu tuub seen
bàkkaar.

[8] «Walla su fekkee benn jigéen dafa am fukki xànjaru xaalis te mu
réerle ci benn, ndax du taal làmpam, bale kër gi, seet ruq yi ak
ruqaat yi ngir gis ko? [9] Bu ko gisee dina ànd ak mbégte, woo ay
xaritam yu jigéen ak dëkkandoom yu jigéen yi te ne leen:
"Kaayleen bànneexu ak man ndaxte gis na sama xaalis bi réeroon."
[10] Noonu, maa ngi leen koy wax: dina am mbégte ci malaaka Yàlla yi
bu benn bàkkaarkat rekk tuubee bàkkaaram.»

[11] Noonu Yeesu waxaat ne: «Dafa amoon benn waay bu am ñaari
doom yu góor. [12] Ki ci gëna ndaw ñëw wax ko ne: "Baay, jox ma
sama wàll ci ndono bi." Noonu baay ji séddale leen alalam. [13] Ay fan
yu néew gannaaw loolu, doom ji dajale alalam bi yépp, tukki ci
réew mu sori. Mu topp bànneexu bakkanam ba yàq alalam bi yépp.
[14] Gannaaw bi mu yàqee alalam bi yépp, xiif bu metti dal ci réew

ma. Mu tàmbalee di nekk ci jafe-jafe. [15] Mu dem nag di liggéeyal
benn waay bu dëkk ci réew ma. Waa ji yóbbu ko ca toolam ngir mu
sàmm mbaam-xuux yi. [16] Xiifoon na lool bay bëgga sax di lekk ci
lekku mbaam-xuux yi, waaye kenn joxu ko ko.
[17] «Noonu xelam dellusi te mu wax ne: "Sama kër baay am na
surga yu bari te ñu ngi lekk bay desal. Man, maa ngi fii di dee ak
xiif. [18] Dinaa jóg dellu sama kër baay ne ko: 'Baay bàkkaar naa ci
kanamu Yàlla te tooñ naa la, [19] ba yellootuma ñu may woowe sa
doom. Waaye jàppe ma nag ni kenn ci say surga!' " [20] Mu daldi jóg,
dellu ci kër baayam. Bi doom ji di ñëw, baayam séen ko fu sori. Mu
yërëm ko lool, daw, laxasu ko, te fóon ko. [21] Doom ji ne ko: "Baay,
bàkkaar naa ci kanamu Yàlla te tooñ naa la, ba yellootuma ñu may
woowe sa doom." [22] Baay ji ne surga yi: "Gaawleen, andi sabadoor bi
gëna rafet te ngeen solal ko ko, te ngeen solal ko jaaro ci baaraamu
loxoom ak ay dàll ci tànkam. [23] Andileen nag bi ñu yafal te ngeen
rey ko, nu lekk di bànneexu. [24] Ndaxte sama doom dafa dee woon,
dekki na. Dafa réeroon te feeñ na." Noonu ñépp tàmbali di
bànneexu!
[25] «Ci waxtu woowu, taaw bi mu ngi nekkoon ca tool ba di liggéey,
bi muy ñibbisi ba jubsi kër gi, mu dégg ay tëgg ak fecc. [26] Mu laaj
kenn ci surga yi ne: "Lan moo fi xew?" [27] Surga bi ne ko: "Xanaa sa
rakk bi demoon moo dellusi. Moo tax sa pàppa reyal ko nag bi ñu
yafal ndaxte gisaat na ko ci jàmm." [28] Noonu taaw bi mer, baña
dugg ci kër gi. Baay ji génn ngir ñaan ko mu duggsi ci kër gi. [29] Mu
ne baay ji: "Ay at a ngi nii, maa ngi lay liggéeyal te mësuma laa
ñàkka déggal. Waaye mësoo ma jox benn béy bu ndaw ngir ma lekk
ko ak samay xarit. [30] Waaye sa doom bi demoon, yàq sa alal ci jigéen
ñiy jaay seen yaram, moo dellusi nga reyal ko nag bi ñu yafal."
[31] Baay ji ne ko: "Sama doom, yaa ngi ak man bés bu nekk. Te lépp li

ma yor yaa ko moom. [32] Fàww nu bànneexu te bég, ndaxte sa rakk
dafa dee woon te dekki na. Dafa réeroon te feeñ na."»

# 16

### Léebu surga bu njublaŋ bi te muus

[1] Yeesu wéyal njàngaleem di wax taalibe yi ne: «Dafa amoon benn
waa ju am alal, mu am surga buy toppatoo alalam. Ay nit ñëw
xamal ko ne surgaam bi, mu ngi pasar-pasaree alalam. [2] Njaatige bi
woo surga bi ne ko: "Lan laa dégg, ñu koy wax ci yaw? Damaa bëgg
nga leeralal ma, ni ngay doxale sa liggéey ndaxte dootoo toppatoo
sama alal." [3] Noonu surga bi wax ci xelam naan: "Lan laa wara def
léegi, gannaaw sama njaatige dafa may dàq ci liggéey bi? Liggéey ci
tool? Awma doole ngir def ko, te yelwaan, rus naa di ko def. [4] Aa!
Xam naa li ma wara def ngir sama njaatige, bu ma dàqee ci liggéey
bii, am ñu may dalal ci seen kër yi."

[5] «Mu woo kenn, kenn ci ñi ameeloon njaatigeem bor. Ki ci jëkk
mu laaj ko ne: "Ñaata nga ameeloon sama njaatige?" [6] Mu tontu ko
ne: "Ñeenti junniy liitari diwlinu oliw." Mu ne ko: "Sa kayitu bor a
ngii; toogal fii gaaw te nga bind ñaari junniy liitari diwlinu oliw."
[7] Surga bi laaj keneen ki ne: "Ñaata nga ameel sama njaatige?" Mu
tontu ko ne: "Téeméeri saaku pepp." Mu ne ko: "Sa kayitu bor a
ngii. Toogal fii te nga bind juróom ñett fukki saaku pepp." [8] Noonu
njaatige bi daldi naw surga bu njublaŋ bi ndax muus bi mu wone ci
jëfinam. Ndaxte niti jamono jii ñoo gëna muus ci lu ñuy jot, seen
diggante ak seeni moroom, ba raw doomi leer yi.»

[9] Yeesu yokk ca ne: «Maa ngi leen koy wax, wutleen ay xarit ci
alalu àddina si, ngir bu jeexee Yàlla dalal leen ci dëkkuwaay yi nekk
ba fàww. [10] Ku gore ci mbir yu ndaw yi, dinga gore ci mbir yu mag.
Ku jubadi ci mbir yu ndaw yi, dina jubadi tamit ci mbir yu mag.

[11] Su fekkee nag jubuleen ci ni ngeen di jëfandikoo alalu àddina si,
kan moo leen di dénk alal ju wóor ji? [12] Su fekkee jubuleen ci li ñenn
ñi moom, kan moo leen di jox li ngeen moom? [13] Benn jaam mënul
jaamoondoo ñaari sang, dina bañ kii te bëgg ki ci des, walla mu
fonk kii te xeeb ki ci des. Mënuleen boole jaamu Yàlla ak jaamu
alal.»

[14] Bi Farisen yi déggee kàddu yooyu yépp, ñuy ñaawal Yeesu
ndaxte dañoo bëggoon xaalis. [15] Yeesu tontu leen ne: «Yeen Farisen
yi dangeen jàppe seen bopp ñu jub ci kanam nit ñi, waaye Yàlla
xam na seeni xol. Ndaxte lu nit gëna fonk, Yàlla sib na ko.»

## Yoonu Yàlla du soppeeku mukk

[16] Yeesu yokk ca ne: «Jamonoy yoonu Musaa ak yonent yi, dem na
ba ci Yaxya. Bi mu ñëwee ak léegi ñu ngi yégle xibaar bu baax bi ci
nguuru Yàlla te ku nekk mu ngi góor-góorlu ngir dugg ci, [17] waaye
asamaan ak suuf weesu, moo gëna yomb dindi benn rëdd ci arafu
yoonu Musaa.

[18] «Képp ku fase sa jabar te séyaat yaa ngi njaaloo, te ku takk
jigéen bu jëkkëram fase yaa ngi njaaloo.»

## Léebu boroom alal bi ak Lasaar

[19] Gannaaw loolu Yeesu nettali benn léeb, ne: «Dafa amoon benn
boroom alal bu doon sol ay yére yu rafet te jekk bi bari lool. Muy
bànneexu bés bu nekk te doon lekk, lekk bu neex. [20] Ci buntu këram
amoon na waa ju néew doole, ju fa doon tëdd, ju tuddoon Lasaar, te
yaramam bi yépp fees ak góom, [21] te dafa doon bëgga jot lekk bi
doon daanu ci bérébu lekkukaayu boroom alal bi ngir faj xiifam.
Rax ci dolli, xaju mbedd yi doon mar góomu yaramam yi. [22] Waa ju
néew doole bi daldi dee, malaaka yi jël ko, yóbbu ko ci wetu
Ibraayma. Boroom alal bi tamit dee, ñu suul ko.

[23] «Bi mu nekkee ci mbugal ci béréb bi ñu dee ñi nekk, mu yékkëti
ay bëtam, séen Ibraayma ak Lasaar ci wetam. [24] Noonu mu yuuxu
ne: "Maam Ibraayma, maa ngi la koy ñaan, yërëm ma. Ndax doo
yónni Lasaar mu jël catu baaraamam, capp ko ci biir ndox, te
toqalal ma ci sama làmmiñ ndaxte maa ngi ci coono, ci bérébu
safara sii." [25] Waaye Ibraayma tontu ko, ne ko: "Sama doom
fàttalikul ne ci àddina si bànneexu nga te Lasaar mu ngi woon ci
naqar. Waaye léegi, Lasaar mu ngi ci jàmm te yaw yaa ngi ci coono.
[26] Rax ci dolli kàmb gu réy moo nekk ci sunu diggante, ba tax ñi
nekk ci nun, bu ñu ko bëggoon sax, mënuñu ñëw ci yeen, te ñi nekk
ci yeen mënuñu ñëw ci nun."
[27] «Boroom alal bi ne ko: "Maam Ibraayma, maa ngi la koy ñaan
nag, nga yónni Lasaar ci sama kër baay, [28] ngir mu dem, artu sama
juróomi rakk yi ma fa bàyyi, ngir ñu baña ñëw ci bérébu mbugal
bii." [29] Ibraayma tontu ko, ne ko: "Ñoom, am nañu mbindu Musaa yi
ak yu yonent yi. Nañu leen déggal!" [30] Mu ne ko: "Déedéet, maam
Ibraayma. Loolu doyul. Bu fekkee kenn ci ñi dee ñi, moo dekki, dem
ci ñoom dinañu tuub seeni bàkkaar." [31] Waaye Ibraayma ne ko: "Bu
ñu dégluwul mbindu Musaa yi ak yonent yi, bu kenn dekkee ci ñi
dee ñi sax du tax ñu gëm."»

# 17

## Bàkkaar, ngëm, te warugaru surga

[1] Yeesu wéyal njàngaleem di wax taalibe yi ne: «Lu leen di xiir ci
bàkkaar mënula ñàkk ci seen biir, waaye musiba dina dal ci ki muy
jaar. [2] Ñu takk ko xeer gu réy ci baatam te sànni ko ci biir géej gi,
mooy gën ci moom, muy bàkkaarloo kenn ci ñi gëna ndaw.
[3] Moytuleen yeen ci seen bopp! Bu la sa moroom tooñee, woo ko,
nga yedd ko. Bu tuubee, baal ko. [4] Te bu la tooñee juróom ñaari

yoon ci bés bi, mu dellu juróom ñaari yoon ne la: "Tuub naa", baal
ko.»
5 Ci noonu, ndaw yi ñaan Boroom bi ne: «Yokkal nu sunu ngëm.»
6 Boroom bi ne leen: «Bu ngeen amee ngëm bu tuuti bu tollu ni
peppu fuddën sax, dingeen wax garab bi: "Buddeekul te nga sampu
ci biir géej gi," dina leen déggal. 7 Kan ci yeen bu amoon surga, mu
nekk ci tool yi di bey walla muy sàmm ba ñibbisi nga ne ko: "toogal
te nga lekk"? 8 Déedéet! Danga koy ne: "Toogal ma reer te nga solu,
jox ma lekk te naan. Gannaaw loolu dinga mëna lekk te naan."
9 Ndax njaatige bi dina gërëm surga bi ngir li mu ko sant mu def ko?
Déedéet! 10 Yeen tamit su ngeen defee lépp li ñu leen sant ba noppi
neleen: "Surga rekk lanu. Sunu warugar lanu def."»

## Yeesu setal na fukki gaana

11 Benn bés, Yeesu doon na dem Yerusalem, mu jaar ci dig wi
xàjjale diiwaanu Samari ak bu Galile. 12 Bi muy waaja dugg ci benn
gox, fukki gaana ñëw di dajesi ak moom. Ñu taxaw, sori ko tuuti,
13 ñu wax ci kaw ne: «Yeesu Kilifa gi, yërëm nu.»
14 Bi leen Yeesu gisee, mu ne leen: «Demleen ngeen won seen bopp
jébbalkatu-sarax yi, ngir ñu saytu seen yaram.» Bi ñuy dem ci
jébbalkatu-sarax yi, ci yoon bi, mu daldi leen setal. 15 Bi kenn ci
ñoom gisee ne wér na, mu jaaraat ci ay tànkam di màggal Yàlla ak
baat bu kawe. 16 Mu ñëw ci Yeesu, daanu ci ay tànkam, di ko gërëm.
Kooku waa Samari la woon. 17 Noonu Yeesu daldi ne: «Xanaa, du
fukk yi yépp ñoo set, ana yeneen juróom ñeent yi? 18 Bu dul gan gi,
kenn ci ñoom dellusiwul ngir màggal Yàlla?» 19 Noonu Yeesu daldi
wax waa ji: «Jógal te nga dem, sa ngëm muccal na la.»

### Bés bi Doomu nit ki di ñëw

[20] Benn bés Farisen yi laaj Yeesu, kañ la nguuru Yàlla gi di ñëw.
Noonu Yeesu tontu leen: «Nguuru Yàlla gi, kenn mënu koo gis buy
ñëw, [21] te kenn mënu la wax "mu ngi fii" walla "mu ngi fale"
ndaxte, xamleen ne, nguuru Yàlla gi mu ngi ci seen biir.»

[22] Noonu Yeesu ne taalibe yi: «Ay bés a ngi ñëw, yu ngeen di bëgga
gis Doomu nit ki, bu doon sax benn bés, waaye du mëna nekk.
[23] Dinañu leen ne: "Mu ngi fii" walla "mu ngi fee." Bu leen daw di
leen topp. [24] Ndaxte ni melax di leerale asamaan boor ba boor,
noonu lay Doomu nit ki di mel ci bésam. [25] Waaye fàww mu sonn
lool bu jëkk, te niti jamono jii beddi ko.

[26] «Bés bi Doomu nit ki dellusee, dina mel ni jamonoy Nóoyin.
[27] Nit ñi, ñu ngi doon lekk ak naan. Ñii di takk jabar, ñii di séyi ba
keroog Nóoyin di dugg ca gaal gu mag gi. Noonu mbënn mi ñëw te
sànk leen ñoom ñépp. [28] Itam dina mel ni jamonoy Lóot. Nit ñi ñu
ngi doon lekk, naan di jënd di jaay, tey tabax. [29] Ba keroog Lóot di
génn ci dëkku Sodom te tawu safara ak tamarax wàcce ca asamaan
te sànk leen ñoom ñépp. [30] Noonu lay mel bés bu Doomu nit ki
feeñee. [31] Ci bés boobu nit ku nekk ci kaw këram te am ay yëfam ci
biir kër ga, bu mu wàcc ngir jël leen. Te ki nekk ci tool yi, bu mu
ñibbisi. [32] Fàttalikuleen li daloon jabaru Lóot. [33] Ku wuta muccal sa
bakkan dinga ko ñàkk, waaye ku ñàkk sa bakkan dinga dund. [34] Maa
ngi leen koy wax, ci guddi googu, ñaar ñu bokk lal, ñu jël kenn ki
bàyyi keneen ki. [35-36] Ñaari jigéen ànd di soq, ñu jël kenn ki bàyyi
keneen ki.» [37] Noonu taalibe yi laaj ko: «Boroom bi, fan la loolu di
xewe?» Mu ne leen: «Fu lu dee nekk, fa la tan yi di daje.»

# 18

## Yeesu jàngale na ci naka la nit mëna jege Yàlla

[1] Gannaaw loolu Yeesu nettali leen benn léeb ngir won leen ne
dañu war di ñaan saa su nekk te baña xàddi. [2] Mu ne leen: «Dafa
amoon ci benn dëkk, benn àttekat bu ragalul woon Yàlla te
faalewul kenn. [3] Ci dëkk boobu tamit amoon na benn jigéen bu
ñàkkoon jëkkëram te doon ñëw ci moom saa su nekk te ne ko: "Àtte
ma ak ki ma joteel." [4] Àttekat ba, bañ na lu yàgg waaye gannaaw
loolu mu wax ci xelam ne: "Doonte ragaluma Yàlla te faalewuma
kenn, [5] jigéen jii lakkal na ma, kon nag dinaa ko àtte ngir mu bañati
ñëw di ma sonal."» [6] Boroom bi yokk ca ne: «Dégluleen li àttekat bu
bon bi wax. [7] Te Yàlla ndax du àtte jub ñi mu tànn tey ñaan ci
moom guddi ak bëccëg? Ndax dina leen xaarloo? [8] Maa ngi leen koy
wax, dina leen gaawa àtte jub. Waaye nag Doomu nit ki buy dellusi
ndax dina fekk ngëm ci àddina si?»

[9] Noonu Yeesu nettali leen beneen léeb jëmale ko ci ñiy jàppe seen
bopp ñu jub tey xeeb ñeneen ñi. [10] «Dafa amoon ñaari waay yu
demoon ci kër-Yàlla gi ngir ñaan. Kenn ki ab Farisen la woon,
keneen ki ab juutikat. [11] Farisen bi taxaw di ñaan ci xelam ne: "Yàlla
maa ngi lay gërëm ci ni ma melul ni yeneen nit, ñiy sàcc, di def lu
bon, te di njaaloo, rawatina juutikat bee. [12] Waaye damay woor
ñaari yoon ci juróom ñaari fan yu nekk tey joxe asaka ci lépp li ma
am." [13] Waaye juutikat bi moom taxaw na fu sori, te bëggul sax
siggi, xol asamaan, di fëgg dënnam di réccu tey wax ci suuf ne:
"Yàlla yërëm ma, man bàkkaarkat bi."» [14] Yeesu yokk ca ne: «Maa
ngi leen koy wax, kooku bi muy ñibbi këram Yàlla àtte na ko ni ku
jub, waaye du Farisen bi, ndaxte képp ku yékkëtiku dinañu la
suufeel te ku suufeelu dinañu la yékkëti.»

[15] Amoon na ñu ñëw indil Yeesu ay gone ngir mu teg leen loxo,
waaye bi taalibe yi gisee loolu ñu di leen gëdd. [16] Yeesu woo gone yi,
ñu ñëw te wax ne: «Bàyyileen gone yi ñu ñëw ci man. Buleen leen
tere ndaxte ñu mel ni ñoom ñoo moom nguuru Yàlla gi. [17] Ci dëgg
maa ngi leen koy wax, képp ku nanguwul nguuru Yàlla gi ni gone,
doo ci dugg mukk.»

### Boroom alal dugg ci nguuru Yàlla

[18] Noonu benn njiitu Yawut laaj Yeesu ne: «Jàngalekat bu baax bi,
lan laa wara def ngir am dund gu dul jeex?» [19] Yeesu tontu ko ne:
«Lan moo tax nga may woowe ku baax? Kenn baaxul ku dul Yàlla
rekk. [20] Xam nga ndigal yi, *bul njaaloo, bul rey, bul sàcc, bul seede lu dul
dëgg, teralal sa yaay ak baay.*» [21] Waa ji ne ko: «Ndigle yooyu yépp,
sàmm naa ko bi ma nekkee ndaw ba léegi!» [22] Bi Yeesu déggee loolu
mu ne: «Lenn rekk moo la dese: jaayal lépp li nga am, séddale ko
néew-di-doole yi, noonu dinga am alal ci asamaan, te nga ñëw topp
ci man.» [23] Waaye bi waa ji déggee loolu, mu ànd ak tiis ndaxte dafa
bari woon alal lool.

[24] Bi Yeesu gisee waa ji ànd ak tiis mu ne: «Lu jafe a ngoogu ngir
boroom alal dugg ci nguuru Yàlla! [25] Giléem jaar ci bën-bënu puso
moo gëna yomb boroom alal dugg ci nguuru Yàlla.» [26] Ñi ko doon
déglu daldi ne: «Kon nag, ku mëna mucc?» [27] Yeesu ne leen: «Lu të
nit, Yàlla mën na ko.»

[28] Piyeer ne ko: «Xoolal! Nun, bàyyi nanu lépp lu nu amoon ngir
topp la.» [29] Yeesu ne leen: «Ci dëgg maa ngi leen koy wax, képp ku
bàyyi këram, jabaram, ay magam, ay rakkam, ay waajuram walla ay
doomam ndax nguuru Yàlla gi, [30] dina jot lu bari lool ci àddina si ak
dund gu dul jeex ci jamono jee di ñëw.»

### Yeesu xamal na fukk yi ak ñaar li ko wara dal ci Yerusalem

[31] Yeesu jëloon na fukk yi ak ñaar, ber leen, ne leen: «Dégluleen!
Nu ngi ci yoonu Yerusalem. Foofu lépp li nga xam ne moom la
yonent yi bindoon ci Doomu nit ki dina mat. [32] Dinañu ko jébbal ci
loxoy ñi nga xam ne nekkuñu Yawut. Dinañu ko ñaawal, saaga ko,
tifli ko, [33] dóor ko ay yar ba noppi, daldi ko rey, te ci ñetteelu fan ba
mu dekki.» [34] Waaye loolu leerul ci taalibe yi, kàddu yooyu ump na
leen, te xamuñu li wax yooyu di tekki.

### Yeesu wéral na waa ju gumba

[35] Benn bés Yeesu di jegesi dëkku Yeriko. Ci wetu yoon bi amoon
na gumba bu fa toog di yelwaan. [36] Bi mu déggee mbooloo mi di jàll
mu laaj lan moo xew. [37] Ñu xamal ko ne Yeesu mu Nasaret mooy
jàll. [38] Noonu muy yuuxu te wax ne: «Yeesu sëtu Daawuda yërëm
ma.» [39] Waaye ñi jiitu woon ci kanam di ko gëdd te di ko tere mu
wax. Waaye mu gëna yuuxu ak baat bu kawe di wax ne: «Sëtu
Daawuda yërëm ma.»

[40] Yeesu daldi taxaw te sant leen ñu andil ko ko. Bi gumba bi
jegesee Yeesu, Yeesu laaj ko ne: [41] «Loo bëgg ma defal la ko?»
Gumba bi ne ko: «Boroom bi, damaa bëgga gisaat.» [42] Yeesu ne ko:
«Gisaatal. Sa ngëm wéral na la.» [43] Ci saa si mu daldi gisaat te topp
Yeesu di màggal Yàlla. Mbooloo ma fa nekkoon yépp, bi ñu gisee
loolu ñoom tamit ñuy sant Yàlla.

## 19

### Sase dalal na Yeesu ci këram

[1] Yeesu wéy ci yoonam, dugg Yeriko, doon jàll dëkk bi. [2] Foofu
amoon na benn nit bu ñuy woowe Sase, njiitu juutikat te am alal.
[3] Mu bëggoona gis kan mooy Yeesu, waaye mënu ko woona gis ndax

mbooloo mi, ndaxte dafa gàttoon. 4 Noonu mu daw jiitu ko, yéeg ci
génn garab bu ñuy woowe sicomor ngir gis ko, ndaxte xamoon na
ne foofu la waroona jaar. 5 Bi Yeesu yegsee ci béréb bi, mu yékkëti
bëtam yi, wax ko ne: «Sase, gaawantul nga wàcc ndaxte fàww ma
dal sa kër tey.» 6 Sase gaawantu wàcc dalal ko ak mbégte. 7 Bi ñu
gisee loolu, ñoom ñépp tàmbali nañu xuntu di naan: «Dem na dal ci
kër bàkkaarkat.» 8 Waaye Sase taxaw ci kanamu Boroom bi te wax
ko ne: «Xoolal, Boroom bi! Dinaa joxe sama genn-wàll alal néew ji
doole yi te su fekkee ne tooñ naa nit jël alalam, dinaa ko fey ñeenti
yoon.» 9 Noonu Yeesu wax ko ne: «Tey, mucc gi dugg na ci kër gii,
ndaxte Sase mii tamit sëtu Ibraayma la, 10 ndaxte Doomu nit ki ñëw
na ngir seet te musal ñi réer.»

### Léebu buur bi dénkoon surgaam yi wurus

11 Ni mbooloo mi doon dégloo kàddu yooyu, Yeesu yokk ca, wax
leen benn léeb ndaxte fekkoon na ñu jegesi Yerusalem te mbooloo
mi foogoon nañu ne nguuru Yàlla gi dina feeñ ci saa si. 12 Loolu moo
tax mu ne leen: «Dafa amoon boroom juddu bu rafet, bu bokk ci
njabootu buur te waroona dem ci réew mu sori ngir ñu fal ko buur
te mu dellusi. 13 Bala muy dem mu woo fukk ci ay surgaam te dénk
leen ku ci nekk benn wurus te ne leen: "Fexeleen mu jur bala may
dellusi." 14 Waaye waa réewam bañ ko, yónni ay ndaw ci
gannaawam ngir ñu wax: "Nit ki, bëggunu mu nekk sunu buur."

15 «Gannaaw bi ñu ko falee buur, mu dellusi ci réewam, te woo
surga yi mu dénkoon wurus yi ngir xam lan lañu ci jële. 16 Ku jëkk ki
jegesi ko, wax ko ne: "Sang bi sa benn wurus bi jur na fukk." 17 Buur
bi ne ko: "Waaw góor, surga bu baax nga te gore ci ay mbir yu
ndaw. Dénk naa la fukki dëkk." 18 Ñaareelu surga bi ñëw, wax ko ne:
"Sang bi, sa benn wurus bi jur na juróomi wurus." 19 Buur bi ne ko:
"Yaw tamit, dénk naa la juróomi dëkk."

[20] «Beneen surga bi ñëw ne ko: "Sang bi, wurus bi nga ma joxoon
mu ngi nii. Dama koo lëmës, denc ko. [21] Dama laa ragal ndaxte ku
néeg nga te dangay nangu alal joo dencul te di góob foo jiwuloon."
[22] Buur bi ne ko: "Ci say kàddu laa laay àtte, yaw surga bu bon bi. Bi
nga xamee, ku néeg laa di nangu alal ji ma dencul te di góob li ma
jiwul, [23] lan moo tax jëloo sama benn wurus bi ma la dénkoon te
denc ko fi ñuy dence wurus yi, ba bu ma dellusee ma jot sama
wurus ak li mu jur?"
[24] «Noonu mu ne ñi fa nekkoon: "Jëlleen benn wurus bi te ngeen
dolli ko ki am fukki wurus yi." [25] Noonu, ñu tontu ko ne: "Sang bi,
kooku am na fukki wurus." [26] Noonu mu ne leen: "Maa ngi leen koy
wax, ku am dinañu ko dollil, waaye ku amul, dinañu jël lu tuuti sax
li nga yor. [27] Samay noon yi bañoon ma nekk seen buur andil ma
leen fii te ngeen rey leen ci sama kanam."»

### Yeesu dugg na Yerusalem

[28] Gannaaw bi mu waxee loolu Yeesu jiitu na leen di dem
Yerusalem. [29] Bi mu jegesee dëkku Betfase ak bu Betani ci wetu
tund bi ñuy woowe Tundu Oliw ya, mu yónni ñaar ci taalibeem yi
[30] ne leen: «Demleen ci gox bi nekk seen kanam. Su ngeen yeggee
dingeen fekk benn mbaam bu ndaw bu kenn mësula yéeg.
Yewwileen ko, ngeen indi ko fii. [31] Bu leen kenn laajee "Lu tax
ngeen di yewwi mbaam bi?" neleen ko "Boroom bi Yeesu moo ko
soxla."»
[32] Ñi mu yónni, bi ñu yeggee ñu fekk lépp ni leen ko Yeesu waxe
woon. [33] Bi ñuy yewwi mbaam mi, ñi moom mbaam mi ne leen: «Lu
tax ngeen di yewwi mbaam mi?» [34] Ñu tontu leen ne: «Boroom bi
Yeesu moo ko soxla.»
[35] Noonu ñu indil Yeesu mbaam mi, teg ci seen yére yi te yéegal
Yeesu ci mbaam mi. [36] Yeesu, bi muy dem, nit ñi di lal seen yére yi

ci yoon bi. [37] Bi mu jegesee yoon bi wàcce ci tundu Oliw ya, mbooloo
taalibeem yi yépp ànd ak mbégte, di sant Yàlla ak baat bu kawe
ndax kéemaan yépp yi ñu gisoon, [38] di wax ne:

*«Barkeel na buur biy ñëw ci turu Boroom bi.*
Na jàmm am ci asamaan
te ñu màggal Yàlla ci béréb yi gëna kawe.»

[39] Noonu ñenn ci Farisen yi nekkoon ci mbooloo mi wax Yeesu ne:
«Jàngalekat bi, waxal sa taalibe yi ñu noppi.» [40] Yeesu tontu ne:
«Maa ngi leen koy wax, su ñu noppee, xeer yi dinañu yuuxu.»

[41] Bi Yeesu jegesee dëkku Yerusalem te gis ko, mu jooy ci moom
[42] te wax ne: «Aa yaw, soo ràññee woon ci bés bii, li lay may jàmm.
Waaye léegi loolu lépp nëbbu na ci say bët. [43] Ndaxte ci yaw ay bés a
ngi ñëw, say noon dinañu defar ay jalu suuf ngir wër la, te tanc la ci
boor bu nekk. [44] Dinañu la yàqate yaxeet, yaw ak sa waa dëkk te
duñu bàyyi ci yaw doj ci kaw doj. Lu tax? Ndaxte ràññeewoo
jamono ji la Yàlla wallusee.»

### Yeesu dàq na ay jaaykat ci kër-Yàlla gi

[45] Gannaaw loolu Yeesu dugg na ci kër-Yàlla gi, fekk fa ay jaaykat.
Noonu mu dàq leen, [46] di leen wax ne, «Mbind mi nee na, *sama kër,
këru ñaanukaay lay doon,* waaye yeen def ngeen ko *këru sàcc*.»
[47] Yeesu doon na jàngale bés bu nekk ci kër-Yàlla gi. Noonu njiiti-
jébbalkati-sarax yi ak ay jàngalekati-yoonu-Musaa ak njiiti askan
bi, ñu ngi ko doon wuta rey, [48] waaye amuñu woon pexe ngir def ko
ndaxte askan bi yépp, ñu ngi ko doon déglu ak xel.

## 20

### Sañ-sañu Yeesu

[1] Benn bés Yeesu da doon jàngale ci kër-Yàlla gi di yégal xibaar bu
baax bi askan bi. Njiiti-jébbalkatu-sarax yi, jàngalekatu-yoonu-

Musaa yi, ak mag yi ñëw ci moom [2] laaj ko ne: «Wax nu, ci ban sañ-
sañ ngay defe mbir yi ak kan moo la jox sañ-sañ boobu?» [3] Noonu
Yeesu tontu leen: «Man tamit am naa benn laaj ngir yeen. [4] Lu
Yaxya doon sóobe nit ñi ci ndox, fan la ko jële, ci Yàlla walla ci
nit?» [5] Ñuy waxtaan ci seen biir ne: «bu nu waxee ne ci Yàlla la ko
jële, dina wax "Lan moo tax gëmuleen ko?" [6] Waaye bu ñu waxee ci
nit la ko jële askan bi yépp dinañu sànni ay xeer ba nu dee, ndaxte
gëm nañu ne Yaxya yonent la woon.» [7] Noonu ñu tontu ko ne:
«Xamunu fan la ko jële.» [8] Yeesu ne leen: «Kon nag man itam duma
leen wax ci ban sañ-sañ laay defe mbir yii.»
[9] Gannaaw loolu Yeesu tàmbalee di nettali léeb bii askan bi: «Dafa
amoon benn waay bu jëmbët toolu reseñ, batale ko ay beykat, mu
tukki te yàgg fa lool. [10] Bi waxtu góob jotee mu yónni benn surga ci
beykat yi ngir ñu jox ko wàllam ci meññeef bi waaye beykat yi dóor
ko, dàq ko loxoy neen. [11] Boroom tool bi yónniwaat beneen surga
waaye beykat yi dóor ko moom itam, saaga ko, dàq ko loxoy neen.
[12] Mu yónniwaat ñetteelu surga waaye beykat yi gaañ ko, génne ko
tool bi. [13] Noonu boroom tool bi ne: "Lan laa wara def? Dinaa yónni
sama doom bi ma sopp. Xéy-na, ñu jox ko cér." [14] Waaye bi ko
beykat yi gisee ñuy wax ci seen biir ne: "Ki wara donn tool bi mu
ngi nee di ñëw. Nanu ko rey ngir moom tool bi." [15] Noonu ñu génne
ko tool bi te rey ko.» Yeesu laaj leen: «Naka la boroom tool bi wara
def beykat yooyu? [16] Dina ñëw rey beykat yi, jël toolam dénk ko
yeneen nit.» Bi nit ñi déggee kàddu yooyu, ñu ne: «Yàlla tere.»
[17] Waaye Yeesu xool leen ci biir bët te ne leen: «Kon nag lan la
kàddu yi ci Mbind mi di tekki:

*"Doj bi tabaxkat yi sànni woon*
*mujj na nekk doj bi ëpp solo ci tabax bi"?*

[18] Ku daanu ci kaw doj bii damm. Te képp ku mu daanu ci sa kaw

dina la rajaxe.»

### Ay nit yu doon fexe fiir Yeesu

[19] Noonu jàngalekati-yoonu-Musaa yi ak njiiti-jébbalkatu-sarax yi
di wut nu ñu jàppe Yeesu ci waxtu boobu, ndaxte xamoon nañu ne
léeb bi mu doon wax ngir ñoom la woon, waaye ragaloon nañu
askan bi. [20] Ñu tàmbali di bàyyee xel Yeesu. Ci noonu ñu yónnee ko
ay nit yu doon mbubboo jub. Nit ñooñu dañu ko waroona fiir
jaarale ko ci benn laaj ngir mën koo jébbal njiitu Yude, bi am
kilifteef ak sañ-sañ ci diiwaan bi. [21] Ñu laaj ko, laaj bii, ne:
«Jàngalekat bi xam nanu ne dangay wax tey jàngale ci njub te doo
àtte nit ci melokaanam, waaye dangay jàngale yoonu Yàlla ci njub.
[22] Wax nu nag léegi, ndax yoonu Musaa bi maye na walla déet, nuy
fey lempo Sesaar?» [23] Yeesu daldi xam seen pexe te wax leen ne:
[24] «Wonleen ma benn xànjaru xaalis. Nataal ak mbind mi ci nekk,
kan moy boroom?» Ñu ne ko: «Sesaar.» [25] Yeesu daldi leen ne: «Kon
nag joxleen Sesaar, li Sesaar moom te ngeen jox Yàlla, li Yàlla
moom.» [26] Noonu mënuñu ko woona jàpp ci ay waxam ci kanamu
askan bi. Ñu waaru ci ay tontoom te amatuñu woon lu ñu wax.

[27] Ñenn ci ni bokkoon ci tarixa Sadusen yi ñëw ci Yeesu. Sadusen
yi gëmuñu woon ne ndekkite am na. Ñu laaj ko ne: [28] «Jàngalekat bi,
Musaa ci mbindam dafa nu jox ndigal ne, *su fekkee dafa am benn
waay ju dee,* bàyyi jabar te *amul doom, rakkam dafa wara takk ku jigéen
ki ngir amal ko doom.* [29] Léegi nag dafa amoon juróom ñaari góor yu
bokk ndey ak baay, taaw bi takk jabar dee te amul doom. [30] Ñaareel
ba takk ku jigéen ki, daldi dee, ñetteel ba noonu, [31] ba juróom ñaar
ñi yépp dee te amuñu doom. [32] Gannaaw loolu ku jigéen ki daldi
dee. [33] Ci ndekkitelu ñu dee ñi, kan ci ñoom mooy nekk jëkkëru ku
jigéen ki? Ndaxte juróom ñaar ñépp takkoon nañu ko.»

[34] Yeesu tontu leen ne: «Ci àddina sii góor yi dañuy takk jabar,

jigéen ñi di séyi, [35] waaye ñi Yàlla di àtte ñu yeyoo dekki ci ñu dee ñi
ngir dund ci jamono jee di ñëw dootuñu séy, [36] te dootuñu mëna
dee tamit ndaxte dinañu mel ni malaaka yi. Ay doomu Yàlla lañu,
ndaxte moo leen dekkil ci ñu dee ñi. [37] Musaa ci boppam wone na ne
ndekkite am na bi mu bindee ci téereem, ci lu jëm ci safara suy tàkk
ci garab bi. Foofu la Musaa woowe Boroom bi, "*Yàllay Ibraayma,
Yàllay Isaaxa ak Yàllay Yanqóoba*". [38] Kon nag Yàlla nekkul Yàllay ñu
dee ñi waaye Yàllay ñiy dund, ndaxte ci moom ñépp dañuy dund.»
[39] Noonu ñenn ci jàngalekati-yoonu-Musaa yi jël kàddu gi ne ko:
«Dëgg bu wér péŋŋ nga wax, jàngalekat bi!» [40] Ndaxte ñemeetuñu
ko woona laaj dara.

[41] Yeesu waxaat leen ne: «Naka la nit ñi mëna waxe ne Almasi bi
sëtu Daawuda la? [42] Ndaxte Daawuda ci boppam sax wax na ci
Sabóor yi ne:

*"Yàlla Aji-Sax ji nee na sama Boroom:*
*'toogal ci sama ndeyjoor*
[43] *ba ma daaneel say noon fi ngay teg say tànk.'"*

[44] Daawuda woowe na Almasi bi Boroomam. Kon nag naka la Almasi
bi mëna nekke sëtu Daawuda?»

[45] Bi ko askan bi yépp di déglu, Yeesu wax taalibeem yi ne:
[46] «Moytuleen jàngalekati-yoonu-Musaa yi bëgg di doxantu, sol
mbubb yu réy te bëgg ñu leen di nuyu ci pénc dëkk bi. Ñuy tànn di
toog ci toogukaay yi féete kanam ci kër-ñaan yi, tey taamu
toogukaay yu yiw yi ci lekku xew yi. [47] Di yàq alalu jigéen ñi ñàkk
seen jëkkër tey ñaan ak ngistal, ay ñaan yu gudd. Seen àtte mooy
gëna metti.»

# 21

## Saraxu jigéen ju néew doole bi

[1] Bi Yeesu yékkëtee bëtam mu gis boroom alal yiy joxe seen sarax
ci ndab bi ñuy joxee xaalis ci biir kër-Yàlla gi. [2] Itam mu gis benn
jigéen bu jëkkëram gaañu woon te néew doole, mu joxe ñaari
xànjaru xaalis. [3] Noonu mu ne leen: «Ci dëgg maa ngi leen koy wax,
jigéen bi néew doole moo gëna joxe yeneen nit yi yépp [4] ndaxte
ñoom ñépp dañoo joxe ci seen barile waaye moom dafa joxe ci
néewleem ba joxe lépp li mu wara dunde.»

## Yàqute Yerusalem ak dellusi Doomu nit ki

[5] Yenn nit doon wax ci kër-Yàlla gi ak ci xeer yu rafet yi ñu ko
defare ak yeneen yëf yu nit ñi saraxe woon ngir rafetal kër-Yàlla gi.
Waaye Yeesu ne leen: [6] «Mbir yi ngeen di xool nii, ay bés a ngi ñëw
yoo xamante ne xeer du des ci xeer, lépp dina yàqu.» [7] Noonu ñu
laaj ko ne: «Jàngalekat bi, kañ la mbir yooyu di ñëw ak ban
màndarga moo leen di firndeel?» [8] Yeesu tontu leen: «Moytuleen
ñu nax leen ndaxte dina am ñu bari ñuy ñëw ci sama tur tey wax
ne: "Man maay Almasi bi," te "waxtu bi jegesi na." Buleen topp
ñooñu. [9] Bu ngeen déggee mbir yii: ay xare ak ay réew yu fippu,
buleen ragal ndaxte mbir yooyu fàww ñu am, bu jëkk. Waaye
nekkagul njeextel gi.»

[10] Mu yokk ca ne: «Benn xeet dina jóg ngir xeex ak moroomu
xeetam te benn réew dina jóg ngir xeex ak moroomu réewam.
[11] Dina am ay yëngute yu réy ci suuf si ak xiif ak ay feebari mbas ci
béréb yu wuute. Dina am ay xew-xew yuy tiitalaate ak ay màndarga
yu mag ci biir asamaan si. [12] Waaye bala loolu dinañu leen teg loxo
di leen metital te ñu jébbal leen ci kër-ñaan yi ngir àtte leen, te
noonu ñu tëj leen ci kaso yi. Dinañu leen yóbbu ci kanamu buur yi

ak ci kanamu njiiti réew yi ndax sama tur. [13] Loolu dina leen dal
ngir ngeen mëna seede. [14] Waaye defleen ci seen xel ne waruleen
jaaxle ci li ngeen wara wax, [15] ndaxte dinaa leen jox kàddu yu ànd
ak xel ngir seeni noon duñu leen mëna weddi. [16] Seeni waajur, seeni
mag walla rakk, seeni mbokk ak seeni xarit dinañu leen jébbale te
dinañu rey ñu bari ci yeen. [17] Ñépp dinañu leen bañ ndax man
[18] waaye dungeen ñàkk benn kawar ci seen bopp, [19] te ci seen dëgër-
dëgërlu dingeen muccal seen dund.
[20] «Bu ngeen gisee ay soldaar yu wër Yerusalem, ngeen xam ne
yàquteem jegesi na. [21] Noonu ñi nekk ci Yude, nañu daw yéeg ci
tund yi; ñi nekk ci diggu Yerusalem, nañu génn, dem; ñi nekk ci àll
bi, buñu dugg ci dëkk bi, [22] ndaxte ay bési feyyu lay doon, ay bési
matal lépp li nga xam ne moom la Mbind mi wax. [23] Musiba dina dal
jigéen ñi nga xam ne ñoo ëmb ak ñi di nàmpal ci bés yooyu, ndaxte
njàqare bu mag dina am ci réew mii ak mer ci askan bi. [24] Dinañu
daanu fi nga xam ne foofu la jaasi bi di dagge; dinañu leen téye ci
ay réew te ñi nga xamante ne nekkuñu Yawut dinañu dëggaate
Yerusalem ba seen waxtu di mat.
[25] «Ci biir jant bi ak weer bi ak biddéew yi, ay màndarga yu yéeme
dinañu ci jóge. Ci suuf si, xeet yi dinañu ànd ak njàqare ndax
ngelaw bu metti biy yëngu ci biir géej gi. [26] Tiit dina bëgga rey xeet
yi ci mbir yu ñëwagul ci suuf si, ndaxte kàttani asamaan dinañu
yëngu. [27] Noonu dinañu gis *Doomu nit ki di ñëw ci biir niir* ak
kàttanam bu bari ak màggaayam bu bari. [28] Su mbir yooyu tàmbalee
am, nangeen dëgër-dëgërlu, yékkëti seeni bopp, ànd ak yaakaar
ndaxte Yàlla dina leen yewwi ci anam bu gàtt.»
[29] Noonu Yeesu nettali leen léeb bii, ne: «Sungeen gisee figg,
maanaam benn xeetu garab, ak yeneen xeetu garab yépp, [30] seeni
xob tàmbalee sëq, dangeen di xam ne waxtu góob bi jegesi na.

[31] Noonu yeen tamit, sungeen gisee mbir yooyu di xew, xamleen ne
nguuru Yàlla gi jegesi na. [32] Ci dëgg, maa ngi leen koy wax, niti
jamono jooju duñu romb mukk te mbir yooyu matul. [33] Asamaan ak
suuf dinañu weesu, waaye samay kàddu duñu weesu mukk.
[34] «Buleen xër ci bànneexu àddina, buleen di màndi, buleen jaaxle
ci lu jëm ci dund bi. Loolu yépp dina jaxase seen xel, [35] ba tax bésu
àtte bi di leen bett ni mbaal, ndaxte bés boobu dina daanu ci kaw
ñépp ñi nekk ci suuf si. [36] Yeewuleen te sax di ñaan saay su nekk,
ngir ngeen am dooley dékku mbir yooyu di ñëw te mëna taxaw ak
kóolute ci kanamu Doomu nit ki.»
[37] Ci bés yooyu Yeesu di jàngale ci biir kër-Yàlla bi te ci guddi
yooyu, mu doon dem ci tund bi ñuy woowe tund Oliw ya, [38] te
mbooloo mi yépp ci suba teel, dañu doon dem ci moom ci kër-Yàlla
bi ngir déglu ko.

## 22

### Yudaa nangu na jébbale Yeesu

[1] Màggalu mburu yu amul lawiir yi, maanaam màggalu Paak jegesi
na. [2] Njiiti-jébbalkatu-sarax si ak jàngalekati-yoonu-Musaa yi, ñu
ngi doon wut ay pexe yu ñuy reyloo Yeesu waaye bëgguñu ko woon
fésal, ndaxte ragaloon nañu mbooloo mi. [3] Noonu Seytaane dugg
Yudaa Iskariyot mi bokkoon ci fukk yi ak ñaar. [4] Mu dem ci njiiti-
jébbalkati-sarax si ak njiiti garjen kër-Yàlla gi di waxtaan ak ñoom,
ni mu leen di jébbale Yeesu. [5] Ñu ànd ci ak mbégte te nangu koo fey
xaalis. [6] Yudaa nangu te dellu di wut ay pexe yu mu leen di jébbale
Yeesu te mbooloo mi bañ ko yég.

### Reeru Yeesu bu mujj bi

[7] Ci màggalu mburu yu amul lawiir yi, bés bi ñuy rendi mbote yi
ngir reeru Paak bi yegsi na. [8] Noonu Yeesu yónni Piyeer ak

Yowaana ne leen: «Demleen, ngeen waajal nu reeru Paak bi.» [9] Ñu
laaj ko ne ko: «Fan nga bëgg nu waaje ko?» [10] Mu ne leen: «Sungeen
duggee ci dëkk bi, dingeen daje ak benn waay bu yenu ndaal bu am
ndox. Toppleen ko ba ci kër gi muy dugg, [11] te nii ngeen di waxe ak
boroom kër gi ne ko: "Jàngalekat bi moo lay wax ne: 'Fan mooy
néegu gan bi may lekke reeru Paak bi ak samay taalibe?'" [12] Noonu
dina leen won benn néeg bu yaatu; bu ñu defar ba noppi te mu
féete ci kaw. Foofu ngeen koy waajale.» [13] Ñu dem fekk lépp ni leen
ko Yeesu waxe woon, te ñu daldi waajal reeru Paak bi.

[14] Bi waxtu bi jotee Yeesu toog na ak ndawam ya. [15] Noonu mu ne
leen: «Sama xel bépp nekkoon na ci lekkandoo ak yeen reeru Paak
bii bala ñu may teg ci coono, [16] ndaxte maa ngi leen koy wax
dootuma lekk reer bii mukk lu dul bés bi nga xam ne ci la lépp li
muy tekki di mat ci nguuru Yàlla.» [17] Noonu mu daldi jël kaasu biiñ,
sant Yàlla ba noppi, ne leen: «Jëlleen kaas bi, ngeen séddoo ko ci
seen biir [18] ndaxte maa ngi leen koy wax gannaaw si tey, dotuma
naan biiñ mukk lu dul nguuru Yàlla gi di ñëw.» [19] Noonu mu jël
mburu mi sant Yàlla ba noppi; damm ko, jox leen ko, ne: «Lii moo
di sama yaram bi ma joxe ngir yeen; deeleen def lii ngir di ma
fàttaliku.» [20] Gannaaw bi ñu reeree mu jël kaas bi jox leen ko te ne:
«Kaas bii mooy kóllëre gu bees gi Yàlla fas jaarale ko ci sama deret
bi ma tuur ngir yeen.

[21] «Waaye xoolleen, ki ma nara jébbale mu ngi fii di reerandoo ak
man [22] ndaxte Doomu nit ki dina dee ni ko Yàlla dogale waaye
musiba dina dal nit ki koy jébbale.» [23] Ndaw yi di laajante ci seen
biir, kan ci ñoom mooy ki nara def loolu.

[24] Noonu ñu tàmbali di laajante te di werante ci seen biir kan
mooy ki gëna màgg. [25] Yeesu jël kàddu gi ne leen: «Buuri xeet yi
dañuy nguuru ak doole ci seen askan yi te njiit yiy jëfe ak sañ-sañ ci

ñoom, ñuy sàkku ñu woowe leen ay defkatu lu baax. [26] Buleen jëfe
noonu. Waaye na ki gëna mag ci seen biir mel ni ki gëna ndaw te ki
jiite mel ni surga bi. [27] Ci seen xalaat kan mooy ki gëna mag? Ki toog
ci bérébu lekkukaay bi walla ki koy toppatoo? Ndax du ki toog ci
bérébu lekkukaay bi? Waaye man damaa nekk ci seen biir ni surga.
[28] Yeena doon muñandoo ak man ci samay coono; [29] moo tax ni ma
Baay bi joxe nguur gi dinaa leen ko joxaat, [30] ngir ngeen lekkandoo
te naanandoo ak man ci sama nguur, te ngeen toog ci ay baŋi
nguur, ngir àtte fukki giir ak ñaar yu Israyil.»

[31] Noonu Yeesu ne: «Simoŋ, Simoŋ, moytul! Seytaane ñaan na
Yàlla sañ-sañ ngir sonal leen ni ñuy teqale dugub ak xatax. [32] Waaye
man ñaanal naa la, ngir nga baña ñàkk sa ngëm. Te bés bi ngay
dellusi ci man nanga dëgëral say mbokki taalibe.» [33] Simoŋ ne ko:
«Boroom bi pare naa su ko jaree, ma ànd ak yaw kaso walla sax ma
dee.» [34] Yeesu ne ko: «Piyeer maa ngi la koy wax tey jii sax bala
ginaar di sab dinga weddi ñetti yoon ne xam nga ma.»

[35] Noonu Yeesu wax taalibeem yépp ne: «Bi ma leen yónnee te
yóbbaalewuleen kalpe, saaku tukki ak dàll, ndax ñàkkoon ngeen
dara?» Ñu ne ko: «Ñàkkunu woon dara.» [36] Mu ne leen: «Waaye
léegi na ki am kalpe, jël ko. Na ki am saaku tukki tamit jël ko, te ki
amul jaasi jaay sabadooram, jënd ko. [37] Maa ngi leen koy wax fàww
mu mat li Mbind mi wax ci man ne: "*Boole nañu ko ak defkatu lu bon
yi,*" ndaxte lépp li ñu bind ci man dina mat.» [38] Ñu ne ko: «Boroom
bi am nanu fii ñaari jaasi.» Mu ne leen: «Loolu doy na.»

### Yeesu ñaan na ci tundu Oliw ya

[39] Yeesu génn di dem ci tundu Oliw ya, ni mu ko tàmme woon di
defe. Taalibe yi topp ko. [40] Bi ñu yegsee mu ne leen: «Ñaanleen ngir
ngeen baña daanu ci fiir.» [41] Mu sori leen tuuti, sukk óomam di
ñaan [42] ne: «Baay, su la neexee soril ma kaasu naqar bii, waaye bu

mu doon sama coobare waaye na sa coobare rekk am.» 43 Noonu
malaaka asamaan feeñu ko te di ko dëgëral. 44 Ci njaqareem, muy
gëna sawar ci ñaan ba ñaq yi mel ni ay toqu deret di daanu ci suuf.
45 Mu ñaan ba noppi, jóg, ñëw, fekk taalibe yi nelawoon nañu ndax
tiis. 46 Mu ne leen: «Lan moo tax ngeen di nelaw? Jógleen te ngeen
ñaan ngir ngeen baña daanu ci fiir.»

### Yudaa jébbale na Yeesu, ñu jàpp ko te njiiti Yawut yi di ko laaj

47 Bi Yeesu di wax loolu, mbooloo mu bari yegsi, te ki ñuy woowe
Yudaa, bokkoon ci fukk yi ak ñaar, jiitu leen. Mu jegesi Yeesu ngir
fóon ko, 48 waaye Yeesu ne: «Yudaa, ndax ci fóon ngay jébbale
Doomu nit ki?» 49 Noonu bi ñi àndoon ak Yeesu gisee li waroona
xew, ñu laaj ko ne: «Boroom bi, ndax nu jëfandikoo sunuy jaasi?»
50 Te kenn ci ñoom dóor surga njiitu-jébbalkati-sarax si, ba dagg
noppu ndeyjooram. 51 Waaye Yeesu jël kàddu gi ne leen: «Bàyyileen,
doy na,» te mu laal noppu waa ji te wéral ko. 52 Noonu Yeesu wax
njiiti-jébbalkati-sarax yi ak mag ñi ak njiiti garjen Kër-Yàlla gi, yi
ñëwoon jàppsi ko ne leen: «Lu tax ngeen gàddu seeni jaasi ak seeni
yet mel ni ñuy wuta jàpp defkatu lu bon, 53 moona bés bu nekk
nekkandoo woon naa ak yeen ci kër-Yàlla gi te jàppuleen ma waaye
léegi ngir yeen waxtu bi jot na, waxtu bi kilifteefu lëndëm bi di jëf.»
54 Ci noonu ñu jàpp Yeesu te yóbbu ko ci kër njiitu-jébbalkatu-
sarax si, te Piyeer doon leen toppe fu sori. 55 Ci diggu ëtt bi taaloon
nañu fa xal, te nit ñu bari toog, wër xal bi, te Piyeer toogoon ci seen
biir. 56 Benn surga bu jigéen gis ko mu toog ci leeraayu xal bi, mu
daldi ko xool te wax ko ne: «Nit kii tamit nekkoon na ak moom.»
57 Waaye Piyeer weddi ko ne: «Soxna si, xamuma ko.» 58 Ci kanam
tuuti, keneen gis ko te wax ne: «Yaw tamit, ci ñoom nga bokk.»
Waaye Piyeer tontu ko ne: «Déedéet, sama waay, bokkuma ci.» 59 Lu
tollu ci benn waxtu kenn di wax te di ko dëggal ne: «Ci dëgg, nit kii

àndoon na ak moom, ndaxte ci diiwaanu Galile la jóge.» [60] Waaye
Piyeer tontu ko ne: «Sama waay, xawma li nga bëgga wax.» Ci saa si
bi mu nekkee di wax loolu benn ginaar sab. [61] Noonu Boroom bi
geestu, xool Piyeer te Piyeer fàttaliku li ko Boroom bi waxoon ne:
«Bala ginaar gi sab tey dinga ma weddi ñetti yoon ne xam nga ma.»
[62] Te Piyeer génn, di jooy, jooy yu metti.

[63] Nit ñi jàppoon Yeesu di ko ñaawal te di ko dóor. [64] Ñu muur
kanamam di ko laaj: «Éey yonent bi, wax nu, kan moo la dóor!» [65] Te
ñu koy wax yeneen kàddu yu bon ngir saaga ko.

[66] Bi bët setee kurélu àttekati Yawut yi: njiiti-jébbalkati-sarax yi ak
jàngalekati-yoonu-Musaa yi booloo nañu. Ñu andil leen Yeesu ci
bérébu àttekaay bu mag bi. [67] Ñu wax ko ne: «Wax nu, ndax yaw
yaay Almasi bi?» Yeesu tontu leen: «Su ma leen ko waxee, dooleen
ma gëm, [68] te su ma leen ko laajee, dooleen ma tontu. [69] Waaye dale
ko tey, *Doomu nit ki dina toog ci ndeyjooru Yàlla Aji-Kàttan ji.*» [70] Ñoom
ñépp ñu wax ne: «Ndax yaw yaay Doomu Yàlla ji, nag?» Mu tontu
leen ne: «Yeena wax ne moom laa.» [71] Noonu ñu daldi wax ne:
«Soxlatunu beneen seede ndaxte dégg nanu ba noppi li mu tontu ci
gémmiñam.»

# 23

### Teg nañu Yeesu daanu dee

[1] Noonu kurélu àttekati Yawut yi yépp jóg nañu, indi Yeesu ci
kanamu Pilaat. [2] Foofu ñu tàmbali di ko tuumaal ne: «Ki mooy kiy
jaxase sunu askan bi, di tere ñu fey lempo Sesaar, te di wax ne
moom mooy Almasi bi, di buur.» [3] Pilaat laaj Yeesu, ne ko: «Ndax
yaw yaay buuru Yawut yi?» Mu tontu ko ne: «Yaw yaa ko wax.»
[4] Pilaat wax njiiti-jébbalkati-sarax si ak mbooloo mi ne: «Kii déy,
gisuma ci moom lenn lu jar ma koy teg daan.» [5] Waaye ñu gëna wax

ne: «Moom day jógloo askan bi ci ay njàngaleem, dale ko ci
diiwaanu Galile ak Yude ba fii.» [6] Bi Pilaat déggee loolu, mu laaj leen
ne: «Ndax kii, waa Galile la?» [7] Bi Pilaat xamee ne ci diiwaan bi
Erodd yilifoon la bokk, mu yónnee ko Yeesu, ndaxte Erodd mu ngi
woon Yerusalem ci bés yooyu.

[8] Bi Erodd gisee Yeesu mu daldi ànd ak mbégte, ndaxte yàggoon na
koo bëgga gis ndax li mu doon dégg ñu koy wax ci moom, te
yaakaaroon na gis mu def fa ay kéemaan. [9] Mu laaj ko ay laaj yu bari
waaye Yeesu tontuwu ko benn yoon. [10] Njiiti-jébbalkati-sarax si ak
jàngalekati-yoonu-Musaa yi, nu ngi woon foofu di ko tuumaal ak
doole. [11] Erodd ak soldaaram yi daldi jéppi Yeesu. Ñu ñaawal ko,
solal ko mbubb mu rafet, te delloo ko Pilaat. [12] Ci bés boobu, Erodd
ak Pilaat yi nekkoon ay noon, xaritoo nañu.

[13] Gannaaw loolu, Pilaat dajalee njiiti-jébbalkati-sarax si, Kilifa yi
ak mbooloo mi [14] ne leen: «Dangeen maa indil waa ji di ko tuumaal
ne: "Dafay jaxase askan bi." Laaj naa ko ci seen kanam waaye
gisuma ci moom dara lu jar ñu koy teg daan ci li ngeen koy
tuumaal. [15] Erodd tamit gisul ci moom dara, ba tax mu delloosi nu
ko. Waa jii deful dara lu jar ñu koy rey. [16] Waaye dinaa ko yewwi
gannaaw bi ma ko dóorloo ay yar ba noppi.»

[17] Pilaat dafa tàmmoon di bàyyi benn nit bu ñu tëj kaso ci màggalu
Paak.

[18] Waaye mbooloo mi àndoon nañu di yuuxu ak doole ne: «Rey ko,
te nga bàyyil nu Barabas.» [19] Barabas moomu dañu ko tëjoon kaso
ndax fippu bu amoon ci dëkk bi, ndaxte tamit dafa reyoon benn nit.
[20] Waaye Pilaat di waxaat ak mbooloo mi, ndaxte dafa bëggoona
yewwi Yeesu. [21] Te ñuy yuuxu di wax ne: «Daaj ko ci bant. Daaj ko ci
bant.» [22] Waaye Pilaat waxaat leen ci ñetteelu yoon bi ne: «Lan la
def lu bon? Gisuma ci moom dara lu jar nu koy teg daanu dee. Kon

nag dinaa ko yewwi gannaaw bi ma ko dóorloo ay yar ba noppi.»
[23] Waaye mbooloo mi gëna wax ak doole ne: «Daaj ko ci bant.» Seeni
yuuxu daldi ko ëpp doole. [24] Pilaat jël dogal ngir may leen li ñu ko
doon ñaan: [25] yewwi ki ñu tëjoon kaso ndax fippu te ndaxte tamit
dafa reyoon benn nit, te jébbal Yeesu soldaar yi ngir ñu def ci
moom li askan bi bëgg.

Daaj nañu Yeesu ci bant

[26] Bi soldaar yi di yóbbu Yeesu ñu taseek benn waay bu tudd Simoŋ
mu Siren te mu jóge woon ci tool yi. Ñu jàpp ko ak doole, sëf ko
bant bi, ngir mu gàddu ko ci gannaaw Yeesu. [27] Noonu mbooloo mu
bari di leen topp. Jigéen ñi di jooy te di naqarlu. [28] Yeesu walbatiku,
jàkkaarlook ñoom, ne leen: «Yeen jigéenu Yerusalem buleen ma
jooy, waaye jooyleen seen bopp ak seeni doom, [29] ndaxte ay
jamonoo ngi ñëw, ñu wax ne: "barkeel nañu jigéen ñi mënula am
doom, yi mësula ëmb ak yi mësula nàmpal". [30] Bu booba dinañu *wax*
*tund yu mag yi: "daanuleen sunu kaw," te tund yu ndaw yi: "muurleen*
*nu."* [31] Ndaxte bu ñuy def nii garab bu tooy bi, naka lañu wara def bu
wow bi?»

[32] Soldaar yi doon nañu yóbbaale ñaari waay di ay defkatu lu bon
ngir rey leen ak Yeesu. [33] Bi ñu yegsee ci béréb bi ñuy woowe diggu
bopp ñu daaj Yeesu ci bant. Ñu daajaale ñaar ñi, kenn ki ci
ndeyjooram, keneen ki ci càmmoñam. [34] Noonu Yeesu daldi def
ñaan bii ne: «Baay, baalal nit ñi li ñu ma def, ndaxte xamuñu li ñuy
def.» Soldaar yi tegoo bant ngir séddoo yéreem. [35] Mbooloo mi
taxawoon na fa di xool. Waaye njiiti Yawut yi di ñaawal Yeesu ne:
«Muccal na ñeneen ñi, na muccal boppam, su de mooy Almasi bi, di
ki Yàlla tànn.» [36] Soldaar yi tamit di ñaawal Yeesu, jegesi ko, jox ko
bineegar, [37] di ko wax ne: «Xanaa du yaw yaay buuru Yawut yi? Kon
muccalal sa bopp.» [38] Bind nañu ne: «Kii mooy buuru Yawut yi,» mu

tiim boppu Yeesu. [39] Kenn ci defkatu lu bon yi ñu daajoon ci wetu
Yeesu xas ko, ne ko: «Xanaa du yaw yaay Almasi bi? Kon muccalal
sa bopp te muccalaale nu.» [40] Waaye beneen defkatu lu bon bi di ko
yedd ne ko: «Xanaa yaw ragaloo Yàlla, yaw mi bokk ak moom daan?
[41] Lu jub la ngir nun ndaxte danuy fey sunuy jëf, waaye moom, deful
dara lu bon.» [42] Mu ne: «Yeesu, fàttaliku ma soo duggee ci sa
nguur.» [43] Yeesu ne ko: «Ci dëgg maa ngi la koy wax, tey ji sax dinga
nekk ak man, biir àjjana.»

[44-45] Noonu ci diggu bëccëg bi, jant bi daldi nëbbu, mu lëndëm ci
réew mi yépp lu tollook ñetti waxtu. Rido kër-Yàlla gi daldi xar ci
digg bi. [46] Yeesu yuuxu ak baat bu kawe ne: «Baay, *maa ngi teg sama
ruu ci say loxo.*» Gannaaw bi mu waxee kàddu yooyu, mu daldi dee.
[47] Bi njiitu soldaaru Room bi gisee loolu muy màggal Yàlla te wax
ne: «Ci dëgg, waa jii ku jub la woon.» [48] Mbooloo mi ñëwoon
seetaansi mbir yooyu di dellu di fëgg seeni dënn di réccu. [49] Xaritu
Yeesu yépp ak jigéen ñi ko toppe woon ci diiwaanu Galile taxawoon
nañu fu sori di seetaan li fa xewoon.

### Yuusufa denc na néewu Yeesu ci bàmmeel bi

[50-51] Amoon na benn waay bu tuddoon Yuusufa, mu dëkk Arimate
ci diiwaanu Yude. Nit ku jub la woon te baax te doon xaar nguuru
Yàlla. Bokk ci kurélu àttekati Yawut yi waaye àndul woon ci ni ñu
tege woon daan Yeesu. [52] Mu dem ci Pilaat laaj ko néewu Yeesu,
[53] mu wàcce ko ci bant bi, lëmës ko ci perkaal, denc ko ci bàmmeel
bu ñu yattoon te kenn mësu fa tëdd. [54] Booba àjjuma ci ngoon, bésu
noflaay bi mu ngi dugg. [55] Jigéen ñi àndoon ak Yeesu ci Galile, topp
Yuusufa ngir gis bàmmeel bi ak ni ñu dence néewu Yeesu. [56] Noonu
ñu ñibbi, di defar cuuraay ak latkoloñ. Ci bésu noflaay bi, ñu toog,
defuñu dara, ni ko yoonu Musaa digle.

# 24

## Yeesu dekki na

[1] Dimaas ci suba teel jigéen ñi doon dem ci bàmmeelu Yeesu, di
yóbbaale cuuraay bu ñu defaroon. [2] Ñu dem ba yegg ci buntu
bàmmeel bi, fekk xeer bi nga xamante ne tëjoon na bàmmeel bi,
bërëŋu. [3] Ñu dugg ci biir, waaye gisatuñu yaramu Boroom bi Yeesu.
[4] Ñu jaxasoo. Noonu ñaari góor yu sol ay yére yuy melax feeñu leen
ci seen wet. [5] Tiit dab leen, ba tax ñu sukk, dëpp seen jë ci suuf.
Ñaari góor yi laaj leen ne: «Lan moo tax ngeen di seet kiy dund ci
biir ñu dee ñi? [6] Nekkatu fi; dekki na. Fàttalikuleen li mu leen
waxoon bi mu nekke woon ak yeen ci diiwaanu Galile: [7] "Fàww ñu
jébbale Doomu nit ki ci loxoy bàkkaarkat yi, ñu daaj ko ci bant, te
mu dekki ci ñetteelu fan bi."» [8] Noonu jigéen ñi daldi fàttaliku
kàdduy Boroom bi Yeesu.
[9] Bi ñu jógee ci bàmmeel bi, ñu dem nettali loolu lépp fukk yi ak
benn ak ñeneen ñépp. [10] Jigéen ñooñu ñoo doon Maryaama bu
Magdala, Sànn, Maryaama mi di yaayu Saak, ak yeneen jigéen yu
leen gunge woon tamit. Ñu nettali loolu ndaw ya, [11] waaye ñu teg
seen wax caaxaan ba tax gëmuñu jigéen ñi. [12] Waaye Piyeer daldi
jóg, daw, dem ci bàmmeel bi. Bi mu yegsee, mu sëgg, gisul lu dul
perkaal. Noonu mu daldi ñibbi këram di waaru ci li xewoon.

## Yeesu feeñu na taalibe yi te dellu asamaan

[13] Ci bés boobu tamit, la ñaari taalibe Yeesu doon dem ci dëkk bi
ñuy woowe Emayus, te digganteem ak Yerusalem tollu na ci fukki
kilomet. [14] Te ñu ngi doon dem di waxtaan ci lépp li xewoon. [15] Bi ñu
nekkee di waxtaan di diisoo ci seen biir, Yeesu daldi leen dab ci
yoon bi, ànd ak ñoom, [16] waaye mu mel ni seen bët yi dañoo muuru
woon, moo tax xàmmewuñu ko woon. [17] Yeesu laaj leen: «Lan ngeen

di nekk di waxtaan te ànd di dox?» Ñu daldi taxaw te ànd ak tiis,
18 te kenn ku ñuy wax Këleyopas tontu ko ne: «Ndax yaw kese yaay
ki dal ci Yerusalem te xamoo li xew ci bés yii?» 19 Yeesu ne ko: «Lan
moo xewoon?» Ñu ne ko: «Li dal Yeesu mu Nasaret, di woon ab
yonent bu am kàttan ci jëf ak ci kàddu ci kanamu Yàlla ak ci
kanamu askan bi yépp. 20 Sunuy njiiti-jébbalkati-sarax yi ak sunuy
kilifa yi jébbale nañu ko, ngir ñu teg ko daanu dee te daaj ko ci
bant. 21 Nun, danoo yaakaaroon ne moom mooy yewwi waa Israyil.
Waaye tamit, tey mooy ñetteelu fan gannaaw bi loolu xewee. 22 Te
ci dëgg, ñenn jigéen ñu bokk ci nun jaaxal nañu nu, ndaxte dem
nañu ci bàmmeel bi ci suba teel, 23 waaye fekkuñu fa yaramam. Ñu
dellusi te nettali nu ne ay malaaka dañu leen feeñu te wax leen ne
mu ngi dund. 24 Bi ñenn ci nun demee ci bàmmeel bi fekk nañu fa
lépp li jigéen ñi doon wax, waaye moom, gisuñu ko.»
25 Noonu Yeesu ne leen: «Nit ñu ñàkk xel ñi te seen xol yéexa gëm
lépp li nga xam ne moom la yonent yi wax! 26 Ndax Almasi bi warul
woon sonne nii, bala muy dugg ci màggaayam?» 27 Dale ko ci Musaa
ak ci yonent yi yépp Yeesu leeralal na leen lépp li Mbind mi wax ci
lu jëm ci moom.
28 Bi ñu jegesee ci gox bi taalibe yi doon dem, mu mel ni ku
bëggoona dem fu gëna sori, 29 waaye ñu téye ko te wax ko ne: «Desal
ak nun ndaxte jant baa ngi waaja so te guddi gi jegesi na.» Mu dugg
ngir des ak ñoom. 30 Mu daldi toog ci bérébu lekkukaay bi, jël
mburu mi, barkeel ko, damm ko, te jox leen ko. 31 Noonu seeni bët
daldi ubbeeku, ñu xàmme ko, waaye mu réer ci seen biir. 32 Ñuy wax
ci seen biir te ku nekk di wax ne: «Ndax yégunu woon neexaay ci
sunuy xol bi mu nu doon leeralal Mbind mi ci yoon bi?»
33 Noonu ñaari taalibe yi daldi jóg ci saa si, dellu Yerusalem. Ñu
fekk fa fukki ndaw ya ak benn ak seen àndandoo yi, 34 te ñépp wax

leen ne: «Ci dëgg Boroom bi Yeesu na te feeñu na Simoŋ.» [35] Noonu
ñaari taalibe yi nettali leen li xewoon ci yoon bi ak naka lañu
xàmme woon Yeesu ci waxtu bi mu doon damm mburu mi.
[36] Bi ñu nekkee di wax loolu, ci saa si Yeesu ci boppam feeñu leen
ci seen biir te ne leen: «Na jàmm ànd ak yeen.» [37] Tiit daldi leen
jàpp, ñu jaxasoo, ñu gëm ne dañoo gis njuuma, [38] waaye Yeesu wax
leen, «Lu tax ngeen jaxasoo, te lan moo tax ngeen am xel ñaar ci
seen biir xol? [39] Xoolleen samay loxo ak samay tànk, man mii la.
Laalleen ma te xam, ndaxte njuuma du am yaram ak yax, ni ngeen
gise, ma am ko.» [40] Bi muy wax loolu, mu won leen loxoom yi ak
tànkam yi. [41] Ni ñu nekke woon ci biir mbégte ak yéemu te
mënaguñu woona gëm loolu, Yeesu laaj leen: «Ndax am ngeen fii lu
ñu mëna lekk?» [42] Ñu jox ko dogu jën bu ñu lakk. [43] Mu jël ko, lekk
ko ci seen biir.
[44] Noonu mu wax leen: «Lii laa leen doon wax ci bi ma nekkee
woon ak yeen, ne: fàww lépp mat ci li ñu bind ci man, ci biir yoonu
Musaa ak ci téere yonent yi ak ci biir Sabóor yi.» [45] Noonu mu ubbi
seen xel ngir ñu ràññee Mbind mi. [46] Mu yokk ca ne: «Bind nañu ne
Almasi bi fàww mu sonn, mu dekki ci diggante ñu dee ñi ci ñetteelu
fan bi. [47] Te dinañu yégle ci turam ci xeet yi yépp li ko dale ci
Yerusalem ngir nit ñi tuub seeni bàkkaar te jot mbaalum bàkkaar
yi. [48] Yeen seede ngeen ci mbir mi. [49] Man, dinaa leen yónnee ci seen
kaw li sama Baay dige, waaye yeen, des leen ci biir dëkk bi, ba Yàlla
sol leen kàttanam.»
[50] Noonu Yeesu génne leen ci dëkk bi, yóbbu leen ba ci wetu
Betani. Mu yékkëti loxoom yi te barkeel leen. [51] Ci waxtu bi mu leen
di barkeel, mu daldi tàggoo ak ñoom, te ñu yéegal ko ci kaw
asamaan. [52] Ñoom nag, bi ñu sukkee màggal ko ba noppi, ñu dellu
Yerusalem ak mbégte bu réy. [53] Ñu wéy ci kër-Yàlla gi, di seedeel

Yàlla lu baax.